Ухуейуэ щытмэ, пхузэфIэкIынущ куэд

2-нэ нап.



Къэбэрдей театрыр ноби тхуэзыгъэбжьыфIэ

3-нэ нап.



ЩIэныгъэм и къигъэхъуапIэ

4-нэ нап.

Зэшыгъуэм хуэхейт

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№49 (24.799) • 2025 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 22, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

80 ТЕКIУЭНЫГЪЭ

3-нэ нап.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

БлэкIа илъэситхум къриубыдэу

Ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм иригъэкIуэкIа коллегием. Абы къыщапщытэжащ блэкIа илъэситхум яIа ехъулIэныгъэхэмрэ зыхунэмысахэмрэ, апхуэдэуи къэкIуэну пIалъэм IэнатIэм къыпэщылъ къалэнхэри щаубзыхуащ.

ИУЖЬРЕЙ илъэсхэм, ди гуапэ зэрыхъущи, щIыналъэм и медицинэ IэнатIэм зыужьыныгъэфI игъуэтащ, УФ-м и Президентым и жэрдэмкIэ къыхалъхьа «Узыншагъэр хъумэн», «Демографие» лъэпкъ проектхэм я фIыгъэкIэ. Псом хуэмыдэ зэхъуэкIыныгъэфIхэр щекIуэкIащ сымаджэхэр япэу зэкIуалIэ медицинэ IуэхущIапIэхэм. БлэкIа илъэситхум къриубыдэу зыхуей хуагъэзэжащ поликлиникэ къудамэу 31-рэ, щIэуэ яухуащ 7. Апхуэдэ IуэхущIапIэщIэхэр къыщызэIуаха щIыпIэхэм ящыщщ къуажэ пхыдзахэри. Къинэмыщlауэ, санитар автотранспорту 80-рэ бгъэIэпхъуэ хъу лабораторэ лIэужьыгъуэу 10-рэ къыхэхъуащ IэнатIэм и транспортым. Иджырей медицинэ IэмэпсымэфIу 300-м нэс къащэхуащ. Iуэхушхуэ зэфIах IэнатIэм щекIуэкI лэжьыгъэм бжыгъэ технологиер лъабжьэ хуэщIынымкIи, апхуэдэуи медицинэ лэжьакIуэхэм я Iэзагъым хагъэхъуэнымкIи.

ЕхъулIэныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ цIыхур зэрыпсэу илъэс бжыгъэм зэрыхэхъуар. Урысей Федерацэм ар ику иту илъэс 72,9-рэ щыхъумэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым ар илъэс 77-м щыщIегъу. Къэралым и Президентым и унафэм тету, адэкIи лэжьэнущ «ГъащIэ кIыхь икIи жыджэр» программэр, «Унагъуэ» лъэпкъ проектыщIэри къащтащ. Абыхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ щIыналъэм и цIыхухэм я узыншагъэр хъумэныр нэхъри егъэфIэкIуэнымкIэ. Республикэм и Iэтащхьэм зэрыжиIамкIэ, я мурадщ медицинэ IуэхущIапIэ 80-м нэс иджыри зэрагъэпэщыжыну, щIэуэ яухуэну. Гулъытэ хэха хуащIынущ технологие лъагэр IэнатIэм къыщыгъэсэбэпыным, дэIэпыкъуэгъу псынщIэм зегъэужьыным, поликлиникэхэмрэ амбулаторэхэмрэ я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным.

Медицинэ IэнатIэм и унэтIыныгъэ псоми дяпэкIи зрагъэужьынущ. Псори хуэлэжьэнущ къалэн нэхъыщхьэхэу цIыхум и гъащIэр хъумэным, гъащIэ кIыхь иIэным, дунейм ехыжхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ щIыным.

КIуэкIуэ Казбек фIыщIэ ин яхуищIащ медицинэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм, ябгъэдэлъ Iэзагъым, зыхащIэ жэуаплыныгъэм, ди республикэм щыпсэухэм яфI къызэрыкI я Iуэху зехьэкIэ екIум папщIэ.

Махуэшхуэхэм бэлэрыгъынукъым

КъБР-м терроризм пэщIэтынымкIэ и комиссэмрэ Оперативнэ штабымрэ я зэIущIэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ. Хабзэхъумэ, къарузехьэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр зыхэта зэхуэсым щытепсэлъыхьащ терроризм, абы гъэсыныпхъэ-энергетикэ IэнатIэр апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэм щыхъумэнри хэту, пэщIэтыным ехьэлIа Iуэхухэм.

АПХУЭДЭУ и гугъу ящIащ ГъатхэмрэЛэжьыгъэмрэ я махуэшхуэр, Хэку зауэшхуэм цIыхубэм къыщахьа ТекIуэныгъэр илъэс 80 зэрырикъур щагъэлъапIэкIэ ирагъэкIуэкIыну гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ зэфIагъэкIыпхъэхэми.

КъимыдэкIэ, зэхуэсым хэтхэр едэIуащ терроризмэмрэ зы лъэпкъыр адрейм ефIэкIыу къэзылъытэ, абыхэм яку лъагъумыхъуныгъэ къыдэзылъхьэ идеологием щIалэгъуалэр щыхъумэным, абы демыгъэхьэхыным хуэгъэзауэ зэфIагъэкIхэм.

Республикэм и Iэтащхьэм муниципалитетхэмрэ зыхуэфащэ министерствэхэмрэ пщэрылъ ящищIащ щIалэгъуалэр хабзэм емыбэкъуэным хуэунэтIа Iуэхухэмрэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ еджапIэхэм щагъэлъэщыну.

Елъытащ къытхуащI дзыхьыр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щIыпIэ самоуправленэ къулыкъущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм я IэщIагъэм епха махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ.

«УНАФЭ зыIэщIэлъ къулыкъущIапIэхэм ящыщу, щIыпIэ самоуправленэхэм хуэдэу цIыхубэм пэгъунэгъу щыIэкъым жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Фи лэжьэкIэм елъытащ къэралым хуащI дзыхьым и инагъри, цIыхухэм я псэукIэри, пщэдейрей махуэм ягу зэрыхуэгъэтIылъари. Фэращ цIыхухэм япэу зызыхуагъазэр, я лъэIухэмрэ гукъыдэжхэмрэ гуапэу фыкъыпэдж-эжыну къыфщыгугъыу.

Лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэнымкIэ, щIыпIэ щхьэхуэхэр ефIэкIуэным, псэупIэхэр нэхъ тынш хъуным хуэунэтIауэ, къэралми республикэми щылажьэ программэхэм зегъэубгъунымкIэ къалэнышхуэхэр ивохьэкI фэ нобэ. ФIыщIэ щхьэхуэ яхуэфащэщ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрызащIэвгъакъуэми.

Шэч къытесхьэркъым фи хэкуэгъухэр нэхъыфIу псэуным гукIи псэкIи фызэрыхущIэкъум къыхэкIыу, фи пащхьэ кърагъэувэ къалэнхэр дяпэкIи фи фIэщу зэрефхьэкIынум. Узыншагъэ быдэрэ ехъулIэныгъэрэ фиIэу, сыт и лъэныкъуэкIи фIыгъуэрэ гуапагъэрэ фыщымыщIэу фыпсэуну сынывохъуэхъу», - дыкъыщоджэ республикэм и Iэтащхьэм и хъуэхъум.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

ЩIыпIэ самоуправленэм и органхэм илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрыщылажьэм, зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын:

Аккаевэ Светланэ Шахман и пхъум - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм экономикэмкIэ, зыхуэплъэхэр убзыхунымрэ сатумкIэ и управленэм и унафэщIым,

Вындыжь Ризуан Хьэжмусэ и къуэм - Дзэлыкъуэ муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и унафэщIым и къуэдзэм,

Инжыжокъуэ Сэфарбий Мухьэмэд и къуэм - Лэскэн муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и унафэщIым,

Стаценкэ Иринэ Виктор и пхъум - «Май муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм финансхэмкIэ и управленэ» муниципальнэ IуэхущIапIэм и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм мэлыжьыхьым и 18-м
№43-УГ

Ди щIыпIэр зэщIагъэкъабзэ

Мэлыжьыхьым и 19-м зэхэтащ республикэпсо щэбэт щIыхьэху. Абы хэтахэм фIыщIэ яхуищIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

«КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щекIуэкIащ къэрал органхэм, федеральнэ къулыкъущIапIэхэм я щIыналъэ къудамэхэу ди деж щыIэхэм, щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ IэнатIэхэм, IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, жылагъуэ, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьакIуэхэр, фэтэр куэду зэхэт унэхэм щIэсхэр зыхэта республикэпсо щэбэт щIыхьэхушхуэ.

Фигу къэзгъэкIыжынщи, мы зэманым республикэм щокIуэкI жылэхэр зэщIэгъэкъэбзэным хуэгъэза мазэ лэжьыгъэ - Къэбэрдей-Балъкъэрым зыхуегъэхьэзыр къэралым Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ къызэрыщихьрэ илъэс 80 зэрырикъур гъэлъэпIэным.

Шэч къытесхьэркъым ди щIыналъэ дахэр къабзэу, екIуу зэрытхузехьэнум!

Си гум къыбгъэдэкIыу фIыщIэ яхузощI а лэжьыгъэм къыхыхьа цIыху жыджэрхэм, гудзакъэ зыхэлъхэм, ди зэхуэдэ Iуэхум хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа псоми! Зэкъуэту, зэдэууэ лэжьахэм - ди зэхуэдэ унэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр егъэфIэкIуэным егугъуахэм!» - щитхащ Iэтащхьэм и телеграм-каналым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм ящIэн папщIэ

2025 гъэм мэлыжьыхьым и 24-м сыхьэти 10-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щызэхэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

Ухуэныгъэр и кIэм ноблагъэ

«Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым хыхьэу Вольнэ Аул жылэм щаухуэ еджапIэ №12-м лэжьыгъэхэр зэрыщекIуэкIым щэбэт кIуам щыгъуазэ зищIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

А КУРЫТ еджапIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъ пасэ дыдэу щауху-ахэм ящыщщ - абы лэжьэн зэрыщIидзэрэ илъэси 124-рэ ирокъу мы гъэм.

ЕджапIэм и унэр жыы хъуауэ, къэбгъэсэбэп мыхъужыну къалъытэри ирахауэ щытащ. УнэщIэр IыхьиплIу зэхэтщ икIи еджакIуэ 800-м ятещIыхьащ. Абы хэтынущ зыхурагъаджэхэм ятеухуа пэш щхьэхуэхэр, компьютер классхэр, шхапIэ, зэхыхьэхэр щрагъэкIуэкIыну, спортым щыхуагъэсэну пэшышхуэхэр. Яужь ихьауэ еджапIэ пщIантIэри зыхуей хуагъазэ, абдежым иIэнущ стадионхэр, пэщIэдзэ классхэм щIэсхэм папщIэ джэгупIэхэр.

- Мыбы къыщызэрагъэпэщынущ сабийр еджэн папщIэ зыхуеину псори. Езы еджапIэри республикэм щынэхъ дахэхэм, иджырей зэманми екIухэм ящыщ хъунущ, - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек.

IэнатIэр ирагъэфIакIуэ

ФIагъышхуэ зиIэ медицинэ технологиехэмкIэ республикэ центрым и етIуанэ къудамэм щекIуэкI лэжьыгъэр КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зригъэлъэгъуащ. IэнатIэр зыхуэныкъуэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ мыбы лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкIащ. Апхуэдэу «Узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ проектымкIэ ангиограф IэмэпсымэщIэрэ гулъынтхуэ зэхэлъыкIэр нэхъ кууэ къэзыпщытэ компьютер томографрэ къащэхуащ.

«ГЪАЩIЭ кIыхь икIи жыджэр» лъэпкъ проектым хыхьэ, гулъынтхуэ узыфэхэм пэщIэтынымкIэ щIыналъэ программэмкIэ операцэхэр щрагъэкIуэкI пэш етIуанэ къызэIуахащ. Реанимацэм щIагъэуващ сымаджэм и щытыкIэм зэпыу имыIэу укIэлъыплъыну Iэмал къозыт монитор станц лъэщ. IуэхущIапIэр къызэрагъэпэщащ стресс-эхокардиографкIэ, ягъэIэпхъуэ рентген-аппараткIэ. Апхуэдэу зэгъэпэщыжыныгъэхэр щрагъэкIуэкIащ сымаджэхэр япэу зэкIуалIэ къудамэм, лифтыр щIэкIэ яхъуэжащ. Лэжьыгъэхэр зэрырагъэкIуэкI мылъкум республикэ бюджетым щыщ ахъши хэлъщ.

Зэгъэпэщыжыныгъэхэм хыхьэу IуэхущIапIэм и щхьэгъубжэхэр, унащхьэр зэрахъуэкIащ, мы зэманым унэ щIыбыр зыхуей хуагъазэ ухуэныгъэм и иджырей Iэмалхэр къагъэсэбэпу.

Иджыблагъэ мыбы къагъэIэпхъуэжащ центрым и япэ къудамэм (Налшык къалэ клиникэ сымаджэщ №1-уэ щытам) хэта, лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ отделенэр. IэнатIэр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу къызэрызэгъэпэщам и фIыгъэкIэ инсульт зиIэ сымаджэхэм и чэзум зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэр хуащIэфынущ.

- Мы IуэхущIапIэр гу-лъынтхуэ узыфэхэм еIэзэнымкIэ республикэм щыIэ IэнатIэ нэхъыщхьэщ. Дуней псом а узыфэхэрщ цIыху нэхъыбэ зыгъэсымаджэри зэрылIыкIри. Центрым и мылъку-техникэ лъабжьэр къэгъэщIэрэщIэжыныр гу-лъынтхуэ узыфэ зиIэ сымаджэхэм ират медицинэ дэIэпыкъуныгъэр егъэфIэкIуэнымкIэ щхьэпэ хъунущ, - жиIащ щIыналъэм и Iэтащхьэм.

Дагъыстэным и ЦIыхубэ Зэхуэсым и юбилейм

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ зи пашэ гуп хэтащ Дагъыстэн Республикэм и ЦIыхубэ Зэхуэсыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 30 зэрырикъум трахуа Iуэхугъуэхэм.

ЛIЫКIУЭХЭМ яхэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Къардэн Мурат, Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ комитетым и унафэщIхэм ящыщ, ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу IэнатIэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Байдаев Сэлихь сымэ.

Псом ипэ къихуэу, хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ удз гъэгъахэр тралъхьащ ЗауэлI-щхьэхуитщIыжакIуэм и фэеплъымрэ Комсомолым и цIэр зезыхьэ зыгъэпсэхупIэм ЛIыхъужьхэм я лъэс лъагъуэу иIэм дежрэ. Ахэр дакъикъэкIэ яхуэщыгъуащ Хэкум и щхьэхуитыныгъэмрэ мамырыгъэмрэ зи псэ щIэзытахэм.

ГуфIэгъуэ зэхыхьэхэм хыхьэу, ирагъэкIуэкIащ «Парламентхэм я зэдэлэжьэныгъэр: хабзэхэм зегъэужьынымрэ лъэпкъ зэпыщIэныгъэхэр егъэфIэкIуэнымрэ» зыфIаща конференцыр. Абы хэтахэр тепсэлъыхьащ парламентаризмэм и тхыдэмрэ абы зэрызрагъэужьыпхъэмрэ. Зэрызэдэлэжьэну зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадза нэужь, Дагъыстэн Республикэм и ЦIыхубэ Зэхуэсыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 30 зэрырикъум и щIыхькIэ къыдагъэкIа пощт картэм теухуа Iуэхур ирагъэкIуэкIащ.

ХьэщIэхэр еплъащ Горький М. и цIэр зезыхьэ къэрал щIыналъэ Урыс драмэ театрым щекIуэкIа сурэт гъэлъэгъуэныгъэми - «Дагъыстэн Республикэм и ЦIыхубэ Зэхуэсыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 30 ирокъу» зыфIащам.

Мэлыжьыхьым и 18-м, Дагъыстэн Республикэм и ЦIыхубэ Зэхуэсым и япэ зэхуэсыгъуэм и лэжьыгъэм щыщIидза махуэм (1995 гъэм), гуфIэгъуэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэр зэхэтащ - Дагъыстэн щIыналъэм и унафэщIхэр, УФ-м ФедерацэмкIэ и Советымрэ Къэрал Думэмрэ и сенаторхэр, депутатхэр, щIыналъэхэм я хабзэубзыху IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри хэту зэхыхьэшхуэ екIуэкIащ.

Егоровэ Татьянэ бысымхэм щехъуэхъум, къыхигъэщащ: «Ди гуапэщ нобэ фи республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэм дызэрыхэтыр. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и депутатхэм къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу ЦIыхубэ Зэхуэсыр зэрылажьэрэ илъэс 30 зэрырикъумкIэ! БлэкIа илъэсхэм лэжьыгъэшхуэ къызэвнэкIащ. А пIалъэм къриубыдэу республикэм зэрызиужьыну хабзэхэм я лъабжьэр быдэ зэрыхъуар нэрылъагъущ. Шэч хэмылъу, абы зэхуэсыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм я депутат псори телэжьащ, щIыналъэм и къэкIуэнум гудзакъэ хуаIэу, я пщэ дэлъ жэуаплыныгъэр зыхащIэу. ЩIыналъэм хуэпэжу дэтхэнэ депутатми зыкъигъэлъэгъуащ. Си фIэщ мэхъу, ипэ итахэм я гъуэгуанэм пащэу, мы зэманми Дагъыстэн Республикэм и ЦIыхубэ Зэхуэсым хэтхэм цIыхухэм я псэукIэр нэхъыфI зэрыхъуну хабзэхэм зэрелэжьыр».

Егоровэ Татьянэ бысымхэм фIыщIэ яхуищIащ Iуэхугъуэшхуэм хэтыну къызэрырагъэблэгъам папщIэ, икIи къыхигъэщащ япэу ар Дагъыстэным зэрыкIуар. «Псоми жаIэ мы республикэм зэ щыIар Iэмал имыIэу къигъэзэжыну зэрыпабгъэр. Абы шэч къытесхьэркъым. Си гугъэмкIэ, ар зэпхар республикэм и щIыуэпсым и дахагъэмрэ абы и щIыпIэхэм псынщIэу зэрызрагъэужьымрэ я закъуэкъым, атIэ лъэпкъ куэду зэхэт, цIыху зэчиифIэхэмрэ хахуэхэмрэ щыпсэу мы щIыналъэм махуэ къэс къытхузэIуихыфынухэр гъунапкъэншэщи аращ. А псомкIэ Дагъсытэн Республикэр нобэ цIэрыIуэ хъуащ», - дыщIигъуащ Егоровэм.

Апхуэдэуи абы къыхигъэщащ Дагъыстэным лIэщIыгъуэкIэрэ хуиIэ зэныбжьэгъугъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэригъэлъапIэр.

- Щапхъэу диIэщ ди лъэпкъхэм я къуэ пажэхэм я зэныбжьэгъугъэр, зи псалъэхэр гъуазэ тхуэхъуахэу Гамзатов Расул, КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын сымэ, ди республикэхэм я къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэхэу Магомедов Магомедалийрэ КIуэкIуэ Валерэрэ. Шэч къытесхьэркъым ди зэкIэлъыкIуэр зэредгъэфIэкIуэфынум. Дауэ хъуми, псори зы гупсысэщ дызыхущIэкъур - ди лъэпкъхэр зэIузэпэщу псэуным телэжьэнымрэ ди республикэхэм, Урысейм я къэкIуэнур дахэу щытынымрэ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIыр депутатхэм ехъуэхъуащ ехъулIэныгъэхэр яIэну, дагъыстэн щIыналъэм щыпсэухэр мамырыгъэрэ зыужьыныгъэрэ щымыщIэну.

Бысымхэм я уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ нэхъыфI дыдэхэм я пшыхьым хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ я нэгу зыщрагъэужьащ.

Къэралым цIыхухэм защIегъакъуэ

● ЗэIущIэхэр

Хуэныкъуэхэм е унагъуэ хуэмыщIахэм зэгурыIуэныгъэкIэ къэралым зэрызащIигъакъуэ Iэмалыр зэрырагъэфIакIуэм теухуауэ щытащ КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и зэIущIэр.

АБЫ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр Тогузаев ТIэхьир, депутатхэр, районхэмрэ къалэ округхэмрэ цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ я IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр.

КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Къэжэр Хъусен жиIащ иужьрей илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыхухэм я псэукIэр къэIэтыным гулъытэшхуэ зэрыщыхуащIыр.

- Гугъуехь пэщIэхуа, ирипсэун папщIэ я нэхъ мащIэу уиIэн хуейм хуэдиз къэзымыхь цIыхухэм къэралым зэгурыIуэныгъэ ярищIылIэу (социальнэ контракт) зэрызащIигъакъуэм и сэбэпыр нэрылъагъущ. АхъшэмкIэ апхуэдэ унагъуэхэм Iэмал ягъуэт я щхьэ Iуэху гуэр къызэрагъэпэщыну, Iэщ гъэхъуным зратыну е щIым тележьыхьыну. Шэч хэмылъу, абыхэм нэхъ зэIузэпэщу псэун щIадзэ, - жиIащ Къэжэрым.

Абы дыщIигъуащ а Iуэхухэр «КъБР-м щыпсэухэм зэрадэIэпыкъур» къэрал программэм хыхьэу зэрагъэзащIэр.

- ТхьэмыщкIагъэм дызэрыпэщIэт Iуэхухэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ щIыналъэм и экономикэр зэредгъэфIакIуэм, IэнатIэщIэхэр къызэIутхыным зи мылъку хэзылъхьэнухэр къызэрыдгъуэтым, хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ зэрызедгъэужьым, я щхьэ Iуэху къызэзыгъэпэщыну хуейхэм щIэгъэкъуэн дазэрыхуэхъум, нэхъ мащIэ дыдэу къахь улахуэм зэрыхэдгъахъуэм, нэгъуэщIхэми, - жиIащ Тогузаев ТIэхьир. - 2017 гъэм тхьэмыщкIагъэр процент 25,3-м нэсу щытамэ, 2024 гъэм ар процент 13,4-м ехащ. Хуэныкъуэхэм е унагъуэ хуэмыщIахэм зэгурыIуэныгъэкIэ зэрызащIэдгъакъуэ Iэмалыр абыкIэ сэбэп хъуауэ къыдолъытэ.

Зи гугъу тщIы дэIэпыкъуныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым 2014 гъэм и щIышылэ лъандэрэ къыдогъэсэбэп. 2014 - 2019 гъэхэм къриубыдэу, нэхъ хуэмыщIауэ псэухэм я унагъуэхэр зыхуей хуагъэзэн папщIэ, жыг хадэ ягъэкIыныр, Iэщ, джэдкъаз ягъэшхэныр, нэгъуэщI Iуэхухэри зи мурадхэм къэралым зэгурыIуэныгъи 160-рэ ярищIылIащ.

2020 гъэм Iуэхум федеральнэ ахъшэ халъхьэ зэрыхъуу, республикэм щызэращIылIэ апхуэдэ зэгурыIуэныгъэхэр хэпщIыкIыу нэхъыбэ хъуащ. А илъэсым зэгурыIуэныгъэ 246-рэ зэращIылIащ, 2021 гъэм - 426-рэ, 2024 гъэм - 445-рэ. БлэкIа илъэсым псори зэхэту ята субсидиер сом мелуан 64,8-рэ мэхъу.

2025 гъэм къэрал дэIэпыкъуныгъэм унагъуэ 447-рэ къызэщIрагъэубыдэну я мурадщ. Илъэсым и япэ мазищым зэгурыIуэныгъи 118-рэ иращIылIащ цIыху 338-м. Мы гъэм а Iуэхум сом мелуан 91-м щIигъу хухахынущ. ИджыпстукIэ унагъуи 183-м яIэрыхьащ сом мелуан 17,9-рэ.

Республикэм къыщагъэсэбэп «Катарсис» Iэмалыр, абыкIэ социальнэ IуэхущIапIэхэм асыхьэту къаIэрохьэ мылажьэхэм ятеухуа хъыбархэр. Социальнэ зэгурыIуэныгъэкIэ цIыхухэм ядоIэпыкъу IэнатIэ къахуэгъуэтынымкIи.

Къэралым зызыщIигъакъуэхэм уахэхуэн папщIэ, КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм укIуэн хуейкъым, ар цIыхур щыпсэу щIыпIэм щылажьэ социальнэ IуэхущIапIэращ щызэращIылIэр.

Тогузаевым къыхигъэщащ программэм и къалэн нэхъыщхьэр цIыхур и щхьэ Iуэху зрихуэжыфыным хуэгъэхьэзырыныр зэрыарар. А Iэмалым и фIыгъэкIэ 2024 гъэм унагъуи 190-м щIигъум езым я хьэрычэт Iуэху къызэрагъэпэщыжащ. 2025 гъэм и япэ мазищым апхуэдэхэр унагъуэ 31-рэ мэхъу.

Къэралым зэгурыIуэныгъэкIэ цIыхум ярит дэIэпыкъуныгъэр сом мин 350-м нос. ЗызыщIагъэкъуэнухэр къыщыхахкIэ, гулъытэ хэха хуащI бынунагъуэшхуэхэм. Ахъшэр къызыIэрыхьэхэм я нэхъыбэм мэкъумэшым елэжьыным трагъэкIуадэ, Iэщ къащэху, Iэмэпсымэхэр зэрагъэпэщ.

ЩIыпIэхэм мы Iуэхур зэрыщызэтеублам теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ защIэгъэкъуэнымкIэ и центрым и къудамэу Прохладнэ къалэмрэ Прохладнэ районымрэ щыIэм и унафэщI Иокерс Наталье, Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыIэм и унафэщI Къущхьэ Масирэт, Iуащхьэмахуэ районым щыIэм и унафэщI Мирзоев Замрат сымэ.

Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ цIыхухэм ирата ахъшэр къызэрагъэсэбэпа щIыкIэм зэрыкIэлъыплъыжым, апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэр дзэ Iуэху хэхам хэтхэм къаIэрыхьэнымкIэ щыIэ Iэмалхэм, нэгъуэщIхэми. ЗэIущIэм щыжаIахэр къэлъытауэ зэлэжьыпхъэхэр ягъэбелджылащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

Ухуейуэ щытмэ, пхузэфIэкIынущ куэд

● Жэрдэм

«IэщIагъэлI ныбжьыщIэм и школ» зыфIаща, зы мазэрэ никъуэкIэ щыIа еджапIэм и лэжьыгъэр къыщызэщIакъуэжащ ЩIалэгъуалэм я унэу Налшык дэтым. ЩIыпIэ самоуправленэм щылэжьэну гупыж зыщIэхэм я бжыгъэр хэгъэхъуэныр зи къалэн нэхъыщхьэу щыта дерсхэр яхуэгъэзат зи ныбжьыр илъэс 16-м къыщыщIэдзауэ 25-м нэсхэм, студентхэмрэ щIыпIэ самоуправленэхэм щылажьэ щIалэгъуалэмрэ.

ЯПЭ махуэм къыщыщIэдзауэ абы къекIуэлIахэр Iуэхум дихьэхат, къыжраIэм нэмыщI, ахэр зэрыщIагъэбыдэ практикэ лэжьыгъэхэри яфIэщIэщыгъуэт. Школыр зэрылэжьа пIалъэ кIэщIым къриубыдэу лекцэ-зэIущIэу хы екIуэкIащ. Абыхэм еджакIуэхэр Iуэху зехьэкIэм щыхагъэгъуэзащ, жьакIуэу псэлъэным, езыхэр нэхъ зыхуэIэкIуэлъакIуэ къызэрызэрагъэпэщыным, псэуныгъэм ехьэлIа Iуэху яубзыхуным, зыпэщIэхуа гугъуехьыр зэфIэхынымрэ гупым хэту лэжьэнымрэ щыхуагъэсащ.

ЩIыпIэ самоуправленэм щылэжьэну хуейхэм я закъуэкъым тхьэмахуихым къриубыдэу екIуэкIа дерсхэр зыхуэщхьэпэнур, сыт хуэдэ нэгъуэщI IэнатIи пэрыувэм дежкIэ ахэр сэбэп зэрыхъунум шэч хэлъкъым.

Къэпщытакlуэ гупым хэтахэм фIы дыдэу яунэтIащ IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр, зыхэт Iуэхум щызыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм я хэкIыпIэр, я щыуагъэхэр зэрызрагъэзэхуэжыфа щIыкIэр, лэжьыгъэм ухэзэгъэн папщIэ абы ерыщу убгъэдыхьэн зэрыхуейр абыхэм гурагъэIуащ. ЕджапIэм и къэпщытакIуэу щытащ цIыху куэд хъу гупым я пащхьэм къыщыпсэлъэнымкIэ тренер, абы теухуа курс зэмылIэужьыгъуэхэр зэхэзыгъэува Овдиенкэ Юлие, маркетолог, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и рестораторхэмрэ отельерхэмрэ я зэгухьэныгъэм и унафэщI, къызэгъэпэщакIуэхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я чэнджэщэгъу Гузеевэ Индирэ, «Всекавказский молодёжный тренинговый центр» IуэхущIапIэм и унафэщI, егъэджэныгъэ программэхэр зэхэзыгъэувэ, федеральнэ проектхэр къызэзыгъэпэщ икIи езыгъэкIуэкI Борисевич Екатеринэ сымэ.

Абыхэм ящIыгъуу зэIущIэхэм кърагъэблэгъащ Iуэхум ехьэлIауэ щIэщыгъуэ гуэрхэр еджакIуэхэм яжезыIэфыну щIэныгъэлIхэр, щIалэгъуалэм я мурадхэр, я хъуэпсапIэхэр зыфIэгъэщIэгъуэнхэр, я упщIэхэм жэуап езытыфынухэр. Апхуэдэ хьэщIэхэт филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, «Эльбрус» корпоратив университетым и унафэщIым и къуэдзэ Мякининэ Оксанэ, Прохладнэ къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Кожухов Кирилл, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу Миронов Николай, УФ-м и Къэрал Думэм и VIII зэхуэсым и депутат Родинэ Викторие сымэ.

- «IэщIагъэлI ныбжьыщIэм и школ» еджапIэм щIэсхэм уепсэлъэну гухэхъуэт. Грант Iуэхур щхьэпэщ къэралым къулыкъу хуэзыщIэну, политик, хьэрычэтыщIэ хъуну хуей щIалэгъуалэм гъуэгугъэлъагъуэ уахуэхъунымкIэ, я гупсысэм зыщыбгъэгъуэзэнымкIэ, - жиIащ Миронов Николай.

Зыдэнэсам къыщымыувыIэну, лъэпощхьэпохэр къызэранэкIыурэ я гум иралъхьам лъэIэсыну зэригуапэр, ди къэралми, ди республикэми я зыужьыныгъэр абыхэм зарелъытар къыхигъэщащ Родинэ Викторие.

Мы жэрдэмыр зей, «КъБР-м Къалэн куэд зыгъэзащIэ и щIалэгъуалэ центр» IуэхущIапIэм хъыбарегъащIэ-медийнэ проектхэр пхыгъэкIынымкIэ, муниципальнэ IэнатIэхэм щIалэгъуалэм щадэлэжьэнымкIэ и къудамэм и унафэщI Атмурзаевэ Iэминат къыщыпсалъэм къыхигъэщащ:

- «Зи IэщIагъэм къыхуигъэщIа зыхужыпIэ хъуну цIыхухэм я дерсхэр уасэншэщ, дэ абы куэдым драгъэгупсысащ. Ди зэпсэлъэныгъэхэм къыхэтха щIэныгъэр, Iуэху бгъэдыхьэкIэр Iэмал имыIэу дызыпэрыувэну IэнатIэхэм къыщыдгъэсэбэпынущ», - къызжаIэрт школым и гъэсэнхэм. Си гуапэ мэхъу языныкъуэхэм я къэкIуэнур еджапIэм и фIыгъэкIэ зэраубзыхуфар, грант щIратын проект зыгуэрхэм къызэрагупсысар. Дэтхэнэми езым и щхьэмкIэ нэхъыфIыр школым и Iуэхум къыхихащи, абы сыщогуфIыкI. Къапщтэмэ, си щапхъэмкIэ абыхэм ялъэгъуащ, ухуейуэ щытмэ, пхуэзэфIэмыкIын зэрыщымыIэр, уи гукъэкIыр зэрызэбгъэхъулIэфынур. «Росмолодёжь» агентствэм и грантыр 2024 гъэм къызэрысхьам и фIыщIэщ сэ Iуэхур зэрысхузэфIэкIар.

Дерсхэр зыхуей хуэзэу екIуэкIыным хэлIыфIыхьахэм - КъБР-м ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министерствэм, ди республикэм и ЩIалэгъуалэ центрым, «Эльбрус» корпоратив университетым - фIыщIэ яхуещI Iэминат.

ИСТЭПАН Залинэ.

ПхуэмыIуэтэнщ бэлыхьу ятелъар

Хэку зауэшхуэр зэриухрэ зэманыфI дэкIа пэтми, абы бэлыхьу цIыхум ятригъэлъамрэ щхьэ бжыгъэу хэкIуэдамрэ къыпхуэмыIуэтэжыным хуэдизщ.

БИЙМ и шэ фIыцIэр зылъэIэсахэр бжыгъэншэщ, ауэ мафIэ лыгъейм къелахэри мащIэкъым. Абыхэм ящыщщ Бозий Кушбий Хьэмырзэ и къуэр.

Ар 1907 гъэм Псыгуэнсу къыщалъхуащ. А къуажэм хэIэпхъукIыу Зэрэгъыж жылэр щытIысым, и бынунагъуэр дэщIыгъуу абы кIуащ.

1929 - 1931 гъэхэм Кушбий Дзэ Плъыжьым къулыкъу щищIащ, взводым и Iэтащхьэм и къуэдзэу. 1932 гъэм партым хыхьащ. 1931 - 1933 гъэхэм Зэрэгъыж къуажэ Советым, итIанэ колхозым я унафэщIу лэжьащ. 1933 - 1937 гъэхэм Налшык дэт мэкъумэш еджапIэ нэхъыщхьэм щеджащ. Ар къиуха нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ВКП(б)-м и обкомым инструктору, итIанэ промышленностымрэ транспортымкIэ и къудамэм и унафэщIу лэжьащ.

1939 - 1941 гъэхэм ВКП(б)-м и Аруан райкомым и япэ секретару щытащ. 1941 гъэм и накъыгъэм дзэм ираджэри, комиссархэр щагъэхьэзыру Лениным и цIэкIэ щыIэ академием къыщызэрагъэпэща курсхэм ягъэкIуащ. Ар къиуха нэужь, Кушбий 1942 гъэм щIышылэ-мэкъуауэгъуэ мазэхэм 115-нэ шу дивизэм и политотделым и унафэщIым и къуэдзэу, иужькIэ а дивизэ дыдэм и политотделым и унафэщIу щытащ. 1942 гъэм и дыгъэгъазэм - 1943 гъэм и шыщхьэуIум къриубыдэу ар и унафэщIщ 81-нэ дивизэм и 4-нэ корпусым. 1943 гъэм и бжьыхьэ мазэхэм 299-нэ Харьков фочауэ дивизэм и командирщ. ИужькIэ 48-нэ фочауэ корпусым и унафэщIым и къуэдзэу ягъэуващ.

Дзэ къулыкъум къыхэкIыжа нэужь, Кушбий лэжьащ (1946 - 1951 гъэхэм) партым и Бахъсэн райкомым и япэ секретару. 1949 гъэм къиухащ ВКП(б)-м и ЦК-м унафэщIхэр щагъэхьэзыру иIа еджапIэр. Кушбий лэжьащ Нагорнэ райкомым и япэ секретару, Бахъсэн райисполкомым ухуэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщIу.

Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лIыгъэм къыпэкIуэу орденрэ медалу къуэдыкIей къыхуагъэфэщащ. Абыхэм яхэтщ Вагъуэ Плъыжь, Хэку зауэшхуэм и 2-нэ нагъыщэ орденхэр, Сталинград зэрахъумам папщIэ, Германием зэрытекIуам папщIэ медалхэр, нэгъуэщIхэри.

Къулыкъушхуэхэр зыIыгъыу къэгъуэгурыкIуа Кушбий, езыр цIыху къызэрыгуэкIыу, гуапэу, фIыуэ ялъагъуу дунейм тетащ. Лэжьыгъэшхуэ игъэхъами, езыр гъащIэ мащIэу къыщIэкIат. 1964 гъэм накъыгъэм и 23-м зэуэзэпсэу дунейм ехыжащ.

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

● Мэкъумэш хъыбархэр

Гъатхасэм йоужьэрэкI

Дунейм зэрызиIэтыжу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэр губгъуэ лэжьыгъэхэм пэрыхьэжащ.

КъБР-м и щIыналъэ администрацэхэм АПК-мкIэ я управленэхэм иджыблагъэ къызэратамкIэ, республикэм гъатхасэр псори зэхэту гектар мин 19,3-м щыхащIауэ аращ.

МэкъумэшыщIэхэр иджыпсту нэхъыбэу зэгугъур хьэращ. НобэкIэ а къэкIыгъэм гектар мини 9,8-рэ ирагъэубыдащ е зыхуагъэувыжам и процент 95-р зэфIагъэкIащ. Апхуэдэуи губгъуэхэм жыджэру щыхасэ сэхураныр, нартыху жылапхъэр, джэшыр, зэнтхъыр, андэгурэдэгур, жуныгур. ХадэхэкIхэм ящыщу джэш хъурейр хэсэнми йоужьэрэкIхэр. Мы гъэм ар щащIэну гектар мини 5-м щыщу мин 1,7-м хагъэзэгъакIэщ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, дызэрыт илъэсым гъатхасэм псори зэхэту гектар мин 216,1-рэ хухахыну я мурадщ. КъызэратамкIэ, губгъуэ лэжьыгъэхэр ягъэува пIалъэхэм къыкIэрыхуркъым.

Жыг хадэхэм къахохъуэ

Илъэс куэдкIэ пхъэщхьэмыщхьэ къэзыт жыгхэмрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым жыджэру зыщрагъэужь.

РЕСПУБЛИКЭМ и щIыналъэ администрацэхэм АПК-мкIэ я управленэхэм къызэратамкIэ, зэкIэщIэсауэ къагъэхъухэм хуэдэхэр гектар 350-м щызэрахьэ. Пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэм къадэкIуэу, абы хэтщ мэракIуэ лIэужьыгъуэхэм ящыщу шыгъулдыкъащхъуэмрэ щIымэракIуэмрэ.

Лэжьыгъэхэм къадэкIуэу, жыгхэмрэ гъуейхэмрэ хущхъуэхэр ирахьэлIэ, къэкIыгъэхэр узыфэхэмрэ хьэпIацIэхэмрэ щахъумэу, ягъэкъабзэ.

Дызэрыт илъэсым и пэщIэдзэм зэраубзыхуамкIэ, пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэмрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэхэмрэ гектар мин 27,8-рэ ирагъэубыдынущ, абы щыщу гектар мин 23-р кIыру зэкIэщIэса жыг хадэхэм хуэдэу.

Бжьыныхуи ди мащIэкъым

2024 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщрахьэлIэжащ бжьыныхуу тонн мини 3,7-рэ, абы ипэ ита илъэсым яхуэзэфIэкIам нэхърэ процент 12-кIэ нэхъыбэщ ар, къитащ Росстатым.

ЗЭРЫХАБЗЭУ, республикэм бжьыныхур нэхъыбэу щызыщIэр унагъуэхэрщ икIи зы гектарым ику иту центнери 128,3-рэ къытрахащ абыхэм нэгъабэ. Ари процент 12-кIэ нэхъыбэщ 2023 гъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ. Апхуэдэуи, ди къэралым и щIыналъэхэм бжьыныхуу ику иту щыIуахыжам и бэвагъым процент 30-кIэ ар щIегъу.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Дунейм щыхъыбархэр

ТекIуэныгъэм и щIыхькIэ

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир ТекIуэныгъэр илъэс 80 зэрырикъум и щIыхькIэ Осетие Ипщэ Республикэм и къуажэхэмрэ и курыт еджапIэхэмрэ сом мелуан зырыз яхухихащ. Ахъшэр Президентым и гъэтIылъыгъэ фондым къыхэкIынущ. ЩIыналъэм иIэщ жылэ 335-рэ, абы щолажьэ курыт школу 55-рэ, сабий гъэсапIэу 30.

«МЫЛЪКУР трагъэкIуэдэнущ махуэшхуэм ирихьэлIэу мемориалхэр, фэеплъхэр, музейхэр зыхуей хуэгъэзэжыным. Республикэм дежкIэ абы мыхьэнэшхуэ иIэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм Осетие Ипщэм и цIыхубэм къагъэлъэгъуащ лIыгъэ, хахуагъэ нэсым я щапхъэхэр», - жиIащ УФ-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Кириенкэ Сергей.

Апхуэдэу абы къыхигъэщащ Осетие Ипщэр Хэку зауэшхуэм и лIыхъужь куэдым я лъахэу зэрыщытыр, дзэ Iуэху хэхами щIыналъэм и къуэ пажэхэр жыджэру зэрыхэтыр.

ЩIэIупщIэ зиIэхэр

Урысейм и цIыхухэм дызыхуэкIуэ гъэмахуэ лъэхъэнэм зыщагъэпсэхуну нэхъ къыхахыр Сочэ, Кърым, Геленджик, ТIуапсы щIыпIэхэрщ.

«СОЧЭ сытым дежи щIэупщIэшхуэ иIэу щытащ, ауэ мы гъэм псом хуэмыдэжу зыгъэпсэхуакIуэхэр нэхъыбэнущ. Кърым Республикэм нэгъабэ лъандэрэ цIыху нэхъыбэ кIуэн щIадзащ. Геленджикрэ ТIуапсырэ я хы Iуфэхэм гъэ къэси зыгъэпсэхуакIуэхэр щыкуэдщ. Турист хъарзынэ яIэнущ Абхъазми. ЦIыхухэм ягу ирохь республикэм и хьэщIэщхэм я лэжьыгъэхэр къызэрызэгъэпэщар, апхуэдэуи къыхагъэщ абы и псы Iуфэхэр зэрыкъабзэр», - жиIащ ТуриндустриемкIэ урысей зэгухьэныгъэм и IэщIагъэлI Высоканова Юлие.

Абы къызэрыхигъэщамкIэ, уасэхэм процент 15 - 20-кIэ хэхъуащ. Хы ФIыцIэ Iуфэм Iут хьэщIэщхэм я уасэхэр дэкIуей-къехыжу щытщ махуэ хэхахэм елъытауэ. «И щхьэусыгъуэр яIэ щIэупщIэращ. ХьэщIэщым и пэшхэр псынщIэу яубыдын щIадзэмэ, занщIэу уасэр докIуей. Абы къыхэкIыу, уи зыгъэпсэхугъуэ зэманыр щыбгъэкIуэныр нэхъ пасэу тебухуэу, хьэщIэщым зэгурыIуэныгъэ епщIылIэмэ нэхъыфIщ», - жиIащ Высоканова Юлие.

Мэлыжьыхьым и 22, *гъубж*

♦**ЩIы-анэм и дунейпсо махуэщ**

♦**1886 гъэм** къалъхуащ бзэщIэныгъэлI, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Елбэд Хьэсэн**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, РАЕН-мрэ ЩIДАА-мрэ я академик **МэкIэтIей Абдулыхь**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ Урысей географие обществэм хэт, ныбжьыщIэхэм я «Додо Клаб» зэгухьэныгъэм (КъБР) и унафэщI **Мысырджэн МуIэед**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 11 - 14 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 23, *бэрэжьей*

♦**Тхылъымрэ авторым и хуитыныгъэхэмрэ я дунейпсо махуэщ**

♦**1943 гъэм** СССР-м и Совнаркомым Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ хозяйствэр зэфIэгъэувэжыным теухуа унафэ къищтащ.

♦**1912 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Теунэ Хьэчим**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ генерал-лейтенант, Абхъаз Республикэм зыхъумэжыныгъэмкIэ и министру щыта, Абхъазым и ЛIыхъужь **Сосналы СултIан**.

♦**1961 гъэм** къалъхуащ республикэм и псыщIэгъэлъадэ IэнатIэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа **Тохъу Мухьэмэд**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Махуэм хуабэр градус 19 - 21-рэ, жэщым градус 12 - 14 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Уи жыIэ уи IуэхукIэ гъэдахэ.

МэзгъэфIэнхэм я макъ

Мы гъэм мэлыжьыхьым и 17-м къыщыщIэдзауэ и 27 пщIондэ къэрал 200-м щIигъум щрагъэкIуэкI «МэзгъэфIэнхэм я макъ» («Марш парков») зи фIэщыгъэ лэжьыгъэхэр. Ахэр хуэгъэзащ ЩIыуэпсым хэхауэ яхъумэ и щIыпIэхэм гулъытэ хэха хуэщIыным. Мыгъэрейм дыкъызыхуриджэр «Хэку ЦIыкIум и щIыуэпсыр хъумэнымрэ зэтегъэувэжынымрэ!» жыхуиIэрщ.

«МЭЗГЪЭФIЭНХЭМ я макъ» щIыхьэхухэр, зэхэзышэхэм къызэралъытэмкIэ, къэралхэм я зэхуэдэ икIи я зэхуаку дэлъ жылагъуэ Iуэхущ, къызыхуриджэм цIыхухэр хузэщIигъэIуэу. Къызыхуриджэр сыт жытIэмэ, мэзгъэфIэнхэмрэ лъэпкъ паркхэмрэ, мэзкъуэдыхэмрэ дыкъэзыухъуреихь дунейм хэхауэ яхъумэ и щIыпIэхэмрэ щысхьынымрэ зэфIэгъэувэжынымрэщ.

Мэзкъуэдыхэмрэ лъэпкъ паркхэмрэ къызэзыгъэпэщахэм зытращIыхьар ди планетэм и экосистемэр нэхъ къегъэлаи хъумаи зэрыхъунырщ. АрщхьэкIэ, дыкъэзыухъуреихь Iэгъуэблагъэм, абы щхьэкIи къэмынэу, щытыкIэр нэхъри зэрыщекIакIуэр къэтлъытэмэ, аркъудейкIэ зэрызэфIэмыкIынури нэрылъагъущ. Абы къыхэкIыуи мыхьэнэшхуэ зиIэщ тщыщ дэтхэнэми, и унэлъапсэм деж къыщыщIидзэу, къегъэщIылIа и Iэхэлъахэр зэлъыIуихыным, зэрыхуэсакъын хуейр зэхищIыкIыным. Апхуэдэ лэжьыгъэр къалэхэми къуажэхэми щегъэкIуэкIыпхъэщ.

Iуэхум и ублакIуэхэм зи гугъу тщIы махуэхэм мэзгъэфIэнхэмрэ лъэпкъ паркхэмрэ цIыхухэр щызэхуашэс, жыгыщIэхэр щагъэтIыс, кIэрыхубжьэрыхухэр щызэхуахьэс, псынащхьэхэр щагъэкъабзэ, дерс гъэщIэгъуэнхэм щыщIагъэдэIу, пресс-конференцхэр къыщызэрагъэпэщ. А псоми я мыхьэнэр, сыт хуэдэ хэку ехьэлIами, зыхуэкIуэжыр зыщ: унафэщIхэр, цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр, хьэрычэтыщIэхэр, ЩIым цIыхуу тетыр «ЩIыуэпсым хэхауэ яхъумэ и щIыпIэхэм» гулъытэ хэха зэрахуэщIыпхъэм, дыкъэзыухъуреихь дунейм зэрыхуэсакъыпхъэм къыхуеджэнырщ, щIыпIэ пхыдзахэр зи хэщIапIэ хьэкIэкхъуэкIэхэр, къэкIыгъэхэр щытыкIэ гугъу зэриувам жылагъуэр щыгъэгъуэзэнырщ, я гупсысэр абы хуэшэнырщ, щIыуэпсыр хъумэн зэрыхуейм къытщIэхъуэ щIэблэр хуэущиинырщ.

Тхыдэм уриплъэжмэ

«МэзгъэфIэнхэм я макъ» зыфIаща япэ щIыхьэхур 1990 гъэм США-м щызэхашат. Илъэс бжыгъэ дэкIри, 1995 гъэм «Лъэпкъ паркхэмрэ мэзкъуэдыхэмрэ» я махуэхэри къэунэхуащ.

Урысей Федерацэм «МэзгъэфIэнхэм я макъ» къыщысар 1996 гъэращ, «ЦIыхуIэ зылъэмыIэса щIыуэпсыр хъумэнымкIэ центр» псапащIэ фондым и жэрдэмкIэ. Иджы ар ди къэралым щызэдагъэлъапIэ ЩIыуэпсым хэхауэ яхъумэ и щIыпIэхэм, Урысейм дыкъэзыухъуреихь дунейм кIэлъыплъынымкIэ и IуэхущIапIэм («Росприроднадзор»), ЩIыпIэ пхыдзахэмрэ абыхэм щыпсэу псэущхьэхэр хъумэнымкIэ центрым, зэрыщыту къатщтэмэ, жылагъуэм.

Ди къэралым мэзкъуэды япэу къыщызэрагъэпэщауэ щытар 1916 гъэм дыгъэгъазэм и 26-рщ (щIэмкIэ - 1917 гъэм щIышылэм и 11-рщ). Япэ дунейпсо зауэм и гуащIэгъуэу, Байкал хыжьейм къегъэщIылIа Баргузин шытхым (Бурятие щIыналъэ) къуэкIыпIэмкIэ щыIэ и джабэщIым щыхагъэунэхукIат хэхауэ яхъумэ щIыпIэ. Ар мэлажьэ нобэр къыздэсми, къыщIызэрагъэпэща и къалэныр игъэзащIэу.

ЩIыуэпсым и щытыкIэр зэтеIыгъэнымкIэ цIыхухэм я дэIэпыкъуэгъу нэхъыщхьэр - езы щIыуэпсым хэгъэщхьэхукIа и экосистемэхэрщ, е нэгъуэщIу жытIэмэ, пкъынэ-пкъынэу щызэрыубыда и Iыхьэшхуэхэрщ.

Аращ, ООН-м и жэрдэмкIэ, 2021 гъэм къыщыщIэдзауэ 2030 гъэм нэсыху къриубыдэ илъэсипщIыр экосистемэхэр (мэзхэри, губгъуэхэри, псыпцIэхэри хэту) зэтегъэувэжыным щIыхухахар.

ГъэщIэгъуэнщ

- 1923 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м Воронеж къалэ къыщызэIуахащ ди къэралыр зэрыгушхуэ биосферэ мэзкъуэды.

- 1998 гъэм и кIэм ирихьэлIэу, Урысей Федерацэм щыIэ мэзгъэфIэнхэм ящыщу 21-р «ЮНЕСКО-м и биосферэ резерват» мыхьэнэр зиIэу къалъытащ.

- Ди къэралым цIыхуIэ зылъэмыIэс щIыпIэ «дэгухэм» я нэхъ ин дыдэр Ищхъэрэ Жыжьэм щыIэ «Арктическэ» жыхуаIэрщ.

- УФ-м къэрал мыхьэнэ зиIэу ит мэзкъуэдыхэм псори зэхэту километр зэбгъузэнатIэу 340-рэ къызэщIаубыдэ. Я инагъ-бгъуагъкIэ зэхэлъхьэжауэ ар хуэдизщ Финляндием и щIыналъэм.

- Мы зэманым УФ-м «ЩIыуэпсым хэхауэ яхъумэ и щIыпIэу» 100-м щIигъу иIэщ. Абыхэм я Iыхьэ щанэр ЮНЕСКО-м и биосферэ хъумалъэу къалъытэ икIи дыкъэзыухъуреихь дунейм и хъугъуэфIыгъуэ нэхъ лъэщхэм хабжэ. Абыхэм язщ Кавказ биосферэ мэзкъуэдыри. Иужьрейм и щIыгущ Адыгэ Республикэмрэ Краснодар краймрэ бгыщхьэхэмкIэ щаIэ я щIы Iыхьэшхуэхэр. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, абы Iэщи щыхъуакIуэркъым, мэши щащIэркъым.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и еплIанэ зэхуэсыгъуэм и депутату щыта **Щэхъалы Зайрэт Мэжид и пхъум** и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуогузавэ ар дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Къэбэрдей театрыр ноби тхуэзыгъэбжьыфIэ

Щоджэнцlыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и утыкур зыгъэбжьыфIэ, лъэпкъыр дызэрыгушхуэ, УФ-мрэ КъБР-мрэ щIыхь зиIэ я артисткэ, зи гъащIэ псор театрым къыгуэхыпIэ имыIэу епха ЖьакIэмыхъу КIунэ мэлыжьыхьым и 21-м илъэс бжыгъэ дахэ ирикъуащ.

ЖЬАКIЭМЫХЪУ КIунэ 1940 гъэм Шытхьэлэ къуажэм къыщалъхуащ. Быным я адэ Хьэжбарэ пасэу дунейм ехыжри, я анэм и закъуэу сабийхэр ипIащ, дэтхэнэ зыми Iэщlагъэ яригъэгъуэтащ. Зэрыбыным я нэхъыщIэ КIунэ курыт еджапIэ нэужьым Дон Iус Ростов Гъуазджэхэмкlэ дэт училищэм актёр Iэщlагъэм щыхуеджащ. Ар къиухыу 1964 гъэм Налшык къигъэззэжа нэужь, Щоджэнцlыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым лэжьэн щыщIидзауэ, нобэми аращ, зэрыжаIэу, и унэ етIуанэр.

- Пэжщ, артист жыхуаIэр зищIысыр иджыри сщIэртэкъым. Зауэр екIуэкIырт, Iэщэ къэзыщтэфын цIыхухъу къуажэм къыдэнатэкъым, псори абы щыIэт. СыщыцIыкIум хуабжьу нэжэгужэу сыщытауэ жаIэж. Ди хьэблэм щыщ цIыхубзхэр ди деж къыщызэхуэсурэ: «ИIэт иджы, КIунэ, дыгъэдыхьэшхыт», - щыжаIэкIэ, сызэкуэфэуэжу сыкъафэу щIэздзэрти, фызхэр згъатхъэрт, - игу къегъэкIыж КIунэ. - Си адэ-анэм дахэ дыдэу уэрэд жаIэу щытащ. Ди анэм сабийхэр щигъэбэяукIэ гущэкъу уэрэдхэр фIэфIт. Ди адэм нэхъыжьхэр щызэхэскIэ уэрэдыжьхэр къыхидзэрт. Си шыпхъу нэхъыжь Жансурэти пшынауэ Iэзэт, артист хъуну и хъуэпсапIэт. А Iэщlагъэм и гъащIэр пищIэну иужь итат, ауэ еджапIэм щIэхуакъым. Курыт еджапIэр къыщызухым, и хъуэпсапIэр къызэхъулIэну зэригуапэр си шыпхъум къызжиIащ: «КхъыIэ, КIунэ, ущIэтIысхьэфмэ еплъ, абы нэхъ IэщIагъэфI щыIэкъым, сыту жыпIэмэ уэ цIыхум и псэм зегъэужьыным утелэжьэнущ».

Жансурэт зэрыжиIауи хъуащ. Артисткэ зэчиифIэм, пажэм, бзылъхугъэ дахэм, цIыху гъэщIэгъуэным и гуащIэр хуиунэтIащ театр гъуазджэм, цIыхухэм яхуэлэжьэным. Театрым КIунэ щигъэзэщIащ роли 120-м щIигъу. Республикэм и телевиденэмрэ радиомрэ къыщигъэщIа образхэр абы хэплъхьэжмэ, КIунэ роль 200-м нэблагъэ къехъулIащ. Ар щыджэгуахэм ящыщщ Лермонтов Михаил и «Бэллэ», Кайтов Сергей и «Анэр нэм хуэдэщ», Iутыж Борис и «Тыргъэтауэ», «Эдип», «Гуащэмыдэ хьэблэ», Акъсырэ Залымхъан и «Лашын», Ануэй Жан и «Медея», Салынский Афанасий и «Бэрэбанауэ», Толстой Алексей и «Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ» спектаклхэр. Дэтхэнэ ролри гукъинэжт, КIунэ и зэчийкIэ, и теплъэкIэ, и псэлъэкIэкIэ гъэщIэрэщIауэ, гъэбеяуэ.

И щхьэгъусэ Мысостышхуэ Пщызэбий щIыгъуу ар спектакль куэдым щыджэгуащ. Ипхъу Маринэ - Къэбэрдей къэрал драмэ театрым, и къуэ Аслъэнбэч, и шыпхъум ипхъуэу Успаевэ Элеонорэ, ЖьакIэмыхъу Еленэ сымэ - Урыс къэрал драмэ театрым щолажьэ, и пхъурылъху Айдэмир жьакIуэу псэлъэным хурегъаджэ. Апхуэдэ нанэ уиIэныр сыт и уасэ езыр?!

Республикэм, Урысейм я театр гъуазджэм хуищIа хэлъхьэныгъэр къалъытэри, ЖьакIэмыхъу КIунэ КъБР-мрэ УФ-мрэ щIыхь зиIэ я артисткэ цIэ лъапIэхэр (1974 гъ., 1984 гъ.) къыфIащащ. КъБР-м и Къэрал саугъэтыр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и саугъэтыр къыхуагъэфэщащ.

КIунэ роль хьэлэмэт Iэджэ игъэзэщIащ. IутIыж Борис и «Тыргъэтауэ» пьесэм къытращIыкIа спектаклым къыщигъэщIа ролым фIэкIа нэгъуэщI лэжьыгъэ имыщIами, ар адыгэ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ къыхэнэнт. ЖьакIэмыхъур усэ, тхыгъэ пычыгъуэ куэд къеджащ. Радиом и фондым абы лэжьыгъэу къыхинам щIэи гъуни яIэкъым. УмыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым нобэр къыздэсым емытIысэхыу, емызэшу КIунэ зэрылажьэр, и къарумрэ и зэфIэкIымрэ мыкIуэщIу театр гъуазджэм хэлъхьэныгъэ гуэр хуищIыну зэпымыууэ зырыхущIэкъур.

- Спектакль куэдым сыхэтащ, ауэ IутIыж Борис и «Тыргъэтауэ» спектаклым щызгъэзэщIа Тыргъэтауэм и ролым пэсщIын щыIэкъым. Нэхъыбэу цIыхухэм ягу сыкъызэринари аращ, - жеIэ ЖьакIэмыхъу КIунэ. - Артистым ныкъусаныгъэ имыIэу, бзэ дахэ Iурылъу, макъ жьгъыру игъэIуу, дахэу уэрэд жиIэу, екIуу къэфэфу, щыхуей дакъикъэм гъыфу е дыхьэшхыфу щытын хуейщ. Ахэр пхуэфIэмыкIмэ, театрым щыпщIэн щыIэкъым.

Артист Къэжэр Борис КIунэ хуиусауэ щытащ мы усэ кIэщIыр:

ЩыIэщ насыпкIэ
зыхуэхъуапсэу,
Дэ ди Тхьэм фIыгъуэ
зыхуищIа,
«Вагъуэщ» щIыжаIэм и
зы хъуаскIэ
ЖьакIэмыхъу КIунэ
химына.

Ар республикэм исхэм я псэщ, я набдзэщ, я щапхъэщ, артисткэ Iэзэщ, егъэджакIуэ нэсщ. Сценэм зэрыщыджэгум, адыгэбзэр зэригъэбзэрабзэм цIыхухэм къарит гукъыдэжымрэ дэрэжэгъуэмрэ уасэ хуэщIыгъуейщ.

ЖьакIэмыхъу КIунэ и лэжьэгъухэм фIыуэ къалъагъу, пщIэ къыхуащI, псалъэ гуапэ куэд хужаIэ.

КIэмыргуей Валентин, *КъБР-м щIыхь зиIэ и артист:* - Артисткэ Iэзэуи цIыху къызэрыгуэкIыуи КIунэ фIы дыдэу солъагъу. Республикэм и театр гъуазджэм ЖьакIэмыхъум хэлъхьэныгъэфI хуищIащ. Ар си щхьэгъусэуи си анэуи спектаклхэм дыщыджэгуащ. НэгъуэщI роль зэмылIэужьыгъуэ куэди зэдэдгъэзэщIащи, жысIэфынущ КIунэ удэлэжьэну зэрыгуапэр, Iэзагъ ин зэрыбгъэдэлъыр. Зи лэжьыгъэр фIы дыдэу зылъагъу икIи зыщIезымыгъэх цIыхущ ар. Къылъыса ролыр егугъуу, пылъхьэншэу, жэуаплыныгъэшхуэ хэлъу егъэзащIэ.

Театрым и лэжьакIуэхэм ЖьакIэмыхъур сыт щыгъуи ди щапхъэщ, абы фIырэ дахэрэ фIэкIа дэтлъэгъуакъыми. Тхьэм иригъэфIакIуэ, и илъэс бжыгъэ дахэм Алыхьым иджыри къыхупищэ!

Хьэмырзэ Ахьмэд, *КъБР-м щIыхь зиIэ и артист:* - КIунэ теухуа псалъэ гуапэ къэзыцIыху дэтхэнэ зыми жиIэфынущ. ДызэрыцIыкIурэ театрым и лэжьакIуэ нэхъыфIхэм я цIэ къыщитIуэкIэ, псом япэу дигу къэкIхэм ящыщт КIунэ. Адыгэ театрыр ди нэгу къыщIэзыгъэувэр ТIыхъужь Алий, ДыщэкI КIунэ, ЖьакIэмыхъу КIунэ, Къаздэхъу СулътIан сымэ хуэдэ ди нэхъыжьыфIхэрт.

Артист IэщIагъэр къыхэсхыу театрым сыкъэкIуа нэужь, нэхъ гъунэгъу дызэхуэхъуащ КIунэрэ сэрэ. Япэу гу зылъыстар ЖьакIэмыхъур набдзэгубдзаплъэу, гумызагъэу и лэжьыгъэм зэрыбгъэдэтырщ. Роль щыдгъэзащIэкIэ, ди псэлъэкIэм дагъуэ гуэр иIэмэ, зыкIи жагъуэ тщымыхъун хуэдэу, ди ныкъусаныгъэм КIунэ гу лъыдигъэтэжырт, чэнджэщ щхьэпэ къыдитырт.

2000 гъэм республикэм Iэтауэ щагъэлъэпIащ Щоджэнцlыкlу Алий къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъур. Къэбэрдей усакIуэшхуэм и тхыгъэхэм теухуа литературэ-макъамэ теплъэгъуэхэр дгъэхьэзыращ, Мысостышхуэ Пщызэбий игъэуващ. А Iуэхум хыхьэу «Мадинэ» поэмэм къытращIыкIа теплъэгъуэм дыщыджэгурт, усэ дыкъеджэрт, уэрэд жытIэрт. Абы щыщIэдзауэ КIунэ и гулъытэ дыщымыщIэу, и IэщIагъэр, и лэжьыгъэр и псэм зэрыхэлъыр IупщIу дызэдолажьэ.

КъыкIэлъыкIуэу делэжьауэ щытащ «Анэр нэм хуэдэщ» спектаклым. Илъэс зыбжанэкIэ ар дгъэлъэгъуащ, щIэупщIэшхуэ иIэу. Ар зауэм теухуа спектакль гъэщIэгъуэнт, узыгъэгумэщIт. Абы КIунэ щигъэзэщIащ бын зэхэгъэж зымыщI анэ гумащIэм и ролыр. Гукъинэжу къехъулIат ар ЖьакIэмыхъум. ГъащIэми цIыхуми лъагъуныгъэ хузиIэрщ апхуэдэу джэгуфынур, гуми псэми дыхьэу ролхэр къызэхъулIэнур. Си дежкIэ гукъинэжщ «Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ» спектаклым дызэрыщызэдэлэжьари.

КIунэ театр гъуазджэм хуищIа хэлъхьэныгъэр тхылъ щхьэхуэ зыхуэфащэщ. Дэ зэкIэ жытIэфынур аращи, театрыр фIыуэ зылъагъухэр зыхуэзэш, зыгъэгушхуэ артисткэ гъуэзэджэм хуэфащэн роль щигъэзэщIэн спектаклыр ди хъуэпсапIэщ. Узыншагъэрэ дэрэжэгъуэрэ уиIэу театр утыкум куэдрэ укъихьэну дынохъуэхъу, КIунэ!

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Жылагъуэ

ЗыкъевмыгъэгъапцIэ!

ЩIэпхъаджащIэхэм иужьрей технологиехэр къагъэсэбэпурэ цIыхухэм зэредыгъуэм полицэр пэщIэт пэтми, бзаджащIэхэм я Iэмалхэм къахэхъуэ зэпытщ, цIыхухэм къазэрыгурыIуэнкIэ уепсалъэми, зэрыхъуар къахуэмыщIэу зыкърагъэгъапцIэ. КиберщIэпхъаджащIэхэм уазэрыпэщIэтынум теухуауэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» радиом къыщыпсэлъащ Урысей УМВД-м Налшык щиIэ къудамэм и лэжьакIуэ, юстицэмкIэ лейтенант Созаевэ Алинэ.

УПРАВЛЕНЭМ дэлажьэ Жылагъуэ советым хэт, радиом и лэжьакIуэ Беслъэней Еленэ хабзэхъумэр къигъэпсэлъащ, иужьрей зэманым къежьа бзаджагъэхэмрэ абыхэм уазэрыпэщIэтыфынумрэ я гугъу иригъэщIу.

Созаевэм зэрыжиIэмкIэ, щIэпхъаджащIэхэм я Iэмалхэм къахохъуэ, махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу щIэ гуэр къагупсыс: зэм банкым и лэжьакIуэу, зэм хабзэхъумэу жаIэ. Нэхъыбэу цIыхухэр зэрагъэгужьейр «бзаджащIэхэм уи ахъшэр счётым ирахыну йоныкъуэкъури, псынщIэу нэгъуэщI счётым дгъэкIуэфынущ» жаIэурэщ. Апхуэдэхэм деж телефоныр телъхьэжын хуейщ, уемыпсалъэу, жаIэми уемыдаIуэу.

- Сытым дежи фигу ивгъэлъ: банкым и лэжьакIуэхэм фэ фыщымыту, фи Iэ щIэмылъу фи мылъкум теухуауэ зыгуэр ящIэну хуиткъым! Апхуэдэ IуэхукIэ телефонкIэ зэи нэпсэлъэнукъым. А зы закъуэр зыщывмыгъэгъупщэмэ, бзаджащIэхэм защыфхъумэфынущ. «Сэ апхуэдэ зэи къысщыщIынукъым, зыкъезгъэгъэпцIэнукъым», - жызыIэхэри къагъапцIэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи. Ар елъытакъым IэщIагъэми, щIэныгъэми, губзыгъагъэми. ЩIэпхъаджащIэхэр цIыхум и гупсысэкIэм фIыуэ щыгъуазэщи, къызэрыхъуар умыщIэу уи мылъкур пIэщIагъэкIыфынущ, - жиIащ хабзэхъумэм.

ФЫРЭ Анфисэ.

● Транспорт

Кърымым укIуэну нэхъ тынш мэхъу

КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, дызыхуэкIуэ махуэхэм «Таврия» мафIэгум зэпищIэнущ Кърымымрэ Осетие Ищхъэрэ - Алание, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэмрэ.

2025 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м щегъэжьауэ «Гранд Сервис Экспресс» IуэхущIапIэм «Таврия» мафIэгур тригъэувэнущ Владикавказрэ Симферопольрэ гъуэгум. МахуиплI къэс зэ а гъуэгуанэр зэпичыну аращ абы. Владикавказ и гъущI гъуэгу вокзалым япэ мафIэгур щытекIынущ мэлыжьыхьым и 30-рщ: пщэдджыжьым сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 30-м икIи етIуанэ махуэм Симферополь нэсынущ пщэдджыжьым сыхьэти 8-рэ дакъикъэ 50-м. Псори зэхэту ар гъуэгу тетынущ сыхьэт 25-рэ дакъикъэ 20-кIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм мафIэгур къыщыщыувыIэнур Прохладнэ, Котляревскэ щIыпIэхэрщ. Апхуэдэуи абы ущитIысхьэфынущ Беслъэн, Минводы къалэхэм, Краснодар крайм и «Кавказ», «Тамань-Пасс» къэувыIэпIэхэм деж.

МафIэгум плацкарт, купе тIысыпIэхэр хэтщ, абыхэм я билетхэри щIадзауэ ящэ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Хъымыщей хьэмэрэ ХъымыщкIей?

Мы цIэр зезыхьэ урыс къуажэр Щхьэгуащэ и псыхъуащхьэхэмкIэ щыIэщ. Нэхъ пыухыкIауэ къэдгъэлъагъуэмэ, иджырей Гъуазэрыплъ жылэ цIыкIур щизэгъа щIыпIэм къыщыщIэдзауэ хуэищхъэрэу километр 16 хуэдизкIэ укъехыжмэ, Щхьэгуащэ хэлъэдэж псы бгъунжитIу сэмэгумкIэ къыщыунэхухэм я зэхуаку дэсщ.

ФIЭЩЫГЪЭР, зэрынэрылъагъуэщи, Iыхьитlу зэхэтщ: «Хъымыщ»-рэ «кIей»-уэ. Япэр, зэрыхуагъэфащэмкIэ, Iэхэлъахэм щыпсэуа цIыху цIэрыIуэ гуэрым зэреджэу щытам е бжьэдыгъу адыгэ лIакъуэм щыщу «хъымыщей» фIэщыгъэр зезыхьам къытехъуэкIащ.

ЕтIуанэр, «кIей» («кIэй» - кIахэмкIэ) жыхуиIэр, хы ФIыцIэ Iуфэм щыпсэу адыгэхэм тIуащIэхэм, псыхъуэхэм, ныджэхэм я гугъу щащIкIэ къагъэсэбэп псалъэхэм язщ. Гу зэрылъытэгъуафIэщи, ар ещхьщ къэбэрдей адыгэхэм ди бзэм къыхэна «къуэкIий» жыIэкIэм и етIуанэ Iыхьэ «кIий»-м.

И тхыдэм щыщу

Тхыдэтх, археолог Башкиров Александр зэритхымкIэ, «а щIыпIэм псом хуэмыдэжу пащтыхьыдзэхэм куэдрэ щапэщIэтащ Щхьэгуащэрэ Лабэрэ я зэхуаку дэлъ щIыналъэ пхыплъыгъуейхэр зи хэщIапIэу къекIуэкIа абазэхэмрэ абазэ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ. ИхъуреягъкIэ зэхэуэ гуащIэхэр щекIуэкIырт, топхэр щыгъуагъуэрт, гъуэгухэр щыпхашын папщIэ, зэрыпхъуакIуэхэм мэзхэр километр ныкъуэ и бгъуагъыу пхаупщIыкIырт.

КъебгъэрыкIуэхэр нэхъ зылъэмыIэсу а илъэсхэм (1862-1864 гъэхэм) абдежым нэхъ къыщызэтенар Щхьэгуащэрэ Лабэрэ я псыхъуащхьэхэрати, а щIыпIэм щызэхуэсыжын хуей хъуат хамэм и жыIэ щIэувэну хуэмей адыгэ-абазэ лъэпкъ зэрыбыным ящыщу къикIуэтахэр. Пащтыхьыдзэр къыщысым, бгырысхэм адэкIэ заIыгъыжыфакъым - я нэхъыбэм, я щхьэр щIрагъэхьэри, Тырку лъэныкъуэмкIэ ягъэзащ, къэна тIэкIур Псыжь и лъащIэкIэ ягъэIэпхъуащ.

ЩIыпIэрысхэр зэхэзехуэн ящIу, а щIыпIэр къыщазэуа иужьрей илъэсщ 1862 гъэр. ЩIымахуэкIэу, урыс пащтыхьыдзэр абазэхэхэм къыщебгъэрыкIуэм, лъэныкъуитIри хуабжьу щызэпэщIэуват Щхьэгуащэ и тIуащIэм и нэхъ зэвыпIэ дыдэу къалъытэ Хьэджэхъу и Iэхэлъахэм. АрщхьэкIэ, генерал Гейман зи пашэ урыс дзэлIхэм, топхэри я бащэрэ бжыгъэкIи зэрынэхъыбэр я щхьэусыгъуэу, бгырысхэр ирагъэкIуэтын яхузэфIэкIащ. Мэлыжьыхьым и 26-м зэрыпхъуакIуэхэр ихьащ зи гугъу тщIы зэвыпIэм ищхьэкIэ щыIэ щIыпIэм Дахэ псы бгъунжыр Щхьэгуащэ щыхэлъэдэжым хуэзэу зыкъыщызэкъуэзых сэтей-хьэкхъуафэм.

Ауэ итIани, 1862 гъэм и кIыхьагъкIэ Щхьэгуащэ и псыхъуащхьэхэм бгырысхэр пащтыхьыдзэм щапэщIэтащ. АрщхьэкIэ, мыбдежми, дыгъэгъазэм и 14-м ирихьэлIэу, зэрыпхъуакIуэхэм яхузэфIэкIащ ХъымыщкIей тэхъуанэм я лъэр нахусу, дыгъэгъазэм и 20-м ирихьэлIэу абдежми зыщагъэбыдэн.

Илъэс зыбжанэ дэкIа иужь, 1869 гъэм къэIэпхъуахэм «Хамышки» зыфIаща урыс къуажэр мы щIыпIэм къыщагъэунэхуащ...

Нэм къыфIэнэ и Iэхэлъахэм

ХъымыщкIейм къедза и Iэхэлъахэм нэр дэзыхьэх теплъэгъуэ дахэхэр и куэдщ. Абыхэм ящыщщ а щIыпIэм испы унэжь зэмыщхьхэм уазэрыщрихьэлIэри, езы жылэм ищхъэрэкIэ къыщхьэщыт мэзылъэ IуащхьэжьУ урысхэм «Монах» зыфIащам и джабэ нэкIу задэхэм щыпхыгъэмба гъуэжлау-бгъуэнщIагъхэм тхыпхъэщIыпхъэ гъэщIэгъуэнхэм уазэрыщыIущIэри, тIуащIэ абрагъуэм щежэх Щхьэгуащэ и даущ макъыр псэр итхьэкъурэ ущIэжеикIыфын хуэдизу зэрыщызэхэпхри...

Ди тхыгъэм и кIэм дызыщыгуфIыкI хъун нэгъуэщI зы Iуэхугъуи къыхэдгъэщынщ. Ар сыт жытIэмэ, мы жылэм иужьрей илъэсхэм ди лъэпкъэгъухэм ящыщ унагъуэхэри дэтIысхьэж зэрыхъуарщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

НэхъыфIхэм яхохьэ

Хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ (МСП) я Iыхьэу щIыналъэ валовэ продуктым хэлъым и куэдагъымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэралым щынэхъыфIхэм яхохьэ. Хьэрычэт щIэн Iуэхур дэIыгъынымкIэ щыIэ Iэмалхэм ятеухуауэ Мэзкуу къалэм иджыблагъэ щекIуэкIа 5-нэ урысейпсо зэхуэсым ар щыжиIащ УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Решетников Максим.

«2019 гъэм къыщыщIэдзауэ хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ я Iыхьэу щIыналъэ валовэ продуктым ягъакIуэм и куэдагъым илъэс къэс хэхъуэ зэпытщ. ЖыпIэнурамэ, 2023 гъэм ар процент 23,9-рэ хъуащ. Бжыгъэхэми къагъэлъагъуэ щIыналъэхэм я экономикэхэм я хэхъуэхэр дэгъэкIуеинымрэ лэжьапIэ IэнатIэщIэхэр къызэIухынымкIэ МСП-р дэIэпыкъуэгъуфI зэрыхъур. Абы къыхэкIыу, мыхьэнэ зиIэщ щIыпIэ властхэм, хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ адэкIи заужьын папщIэ, гулъытэ хэха абыхэм хуащIыным, сыт и лъэныкъуэкIи ядэIэпыкъуным», - жиIащ Решетников Максим.

Зытепсэлъыхьа а унэтIыныгъэмкIэ бжыпэр зыIыгъхэм яхэтщ Къалмыкъыр (процент 43,6-рэ), Новосибирск областыр (процент 38,5-рэ), Къэбэрдей-Балъкъэрыр (процент 38,1-рэ), Ивановэ областыр (процент 37,6-рэ), Калининград областыр (процент 37,3-рэ), Алтай крайр (процент 35,6-рэ), Пензэ областыр (процент 35,6-рэ), Воронеж областыр (процент 34,5-рэ), Кърымыр (процент 34,4-рэ), Ульяновск областыр (процент 33,7-рэ).

Къэралым и округхэр, абыхэм я МСП-хэм я Iыхьэу щIыналъэ валовэ продуктым хэлъым и куэдагъым тещIыхьауэ, зэпэщхьэхуэу къэдгъэлъагъуэмэ, Кавказ Ищхъэрэм процент 30,5-рэ иIэу япэ увыпIэр иIыгъщ.

Къыхэдгъэщынщи, иджы Мэзкуу щекIуэкIа зэхуэсым хэтащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Белецкая Ольгэ, «Си хьэрычэт IэнатIэ» щIыналъэ центрым и унафэщI Дудар Хьэдис, КъБР-м экспортыр дэIыгъынымкIэ и унафэщIым и къуэдзэ Абыдэ Хьадижэ сымэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ЕджэНым къыхэжаныкIхэр ягъэгушхуэ

Къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэсхэм ящыщу УФ-м и Президентым и стипендиер къэзыхьхэм сом мин 30 мазэ къэс иратынущ 2025 гъэм фокIадэм и 1-м щегъэжьауэ. Стипендиехэр зыхуагъэувынухэмрэ ахэр зэратыну щIыкIэмрэ теухуауэ къащта унафэм иджыблагъэ Iэ щIидзащ УФ-м и ПравительствэМ и УнафэщI Мишустин Михаил.

ДЭФТЭРЫМ къызэрыхэщымкIэ, Президентым и стипендиер къэхьыным хуэунэтIауэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэм папщIэ ирагъэкIуэкIыну зэхьэзэхуэхэр унэтIыныгъи 9-м хуэгъэпсауэ щытынущ. Абыхэм хохьэ «Математикэмрэ естественнэ щIэныгъэхэмрэ», «Инженер Iуэхухэр, технологиемрэ техникэ щIэныгъэхэмрэ», «Узыншагъэр хъумэнымрэ медицинэ щIэныгъэхэмрэ», «Мэкъумэш хозяйствэмрэ мэкъумэш щIэныгъэхэмрэ», «Жылагъуэ IуэхухэмкIэ щIэныгъэхэр», «ЕгъэджэныгъэмрэПедагогикэ щIэныгъэхэмрэ», «Гуманитар щIэныгъэхэр», «Гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ», «Зыхъумэжыныгъэмрэ къэралым и шынагъуэншагъэмрэ. Зауэ щIэныгъэхэр» унэтIыныгъэхэр.

Стипендиер зэратынур зы илъэс пIалъэщ, иужькIэ студентыр аргуэру зэхьэзэхуэм хэтын хуейщ, ар аргуэру къихьын папщIэ. Илъэсым къриубыдэу стипендиер зратынухэр псори зэхэту цIыху мини 3,4-м щIигъунукъым. Абы хиубыдэнур ещанэ курсым къыщыщIэдзауэ курс нэхъыжьхэм хэсхэращ, бакалавриат, специалитет, магистратурэ программэхэмкIэ еджэу.

Президентым и стипендием щIэбэнынухэм «щIыхуэ» ятелъ, «щы» дамыгъэ яIэ хъунукъым, абы къыдэкIуэу, къапщытэ пIалъэм къриубыдэу, еджэгъуэ зэманым къахьа дамыгъэхэм я процент 75-р «тхуэ» щытын хуейщ, абы нэхъ мащIэ зиIэхэр зэхьэзэхуэм хагъэтынукъым. КъищынэмыщIауэ, студентыр дунейпсо, урысейпсо зэхьэзэхуэхэм, олимпиадэхэм щытекIуауэ, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр иригъэкIуэкIыу, технологие ехьэжьахэм елэжьу, я лэжьыгъэхэр щIэныгъэ мыхьэнэ зиIэ журналхэм къыщытехуауэ щытын хуейщ.

УФ-м и Президентым и унафэкIэ ягъэувауэ студентхэмрэ аспирантхэмрэ иджыпсту ират стипендиер мазэм хуэзэу сом мини 7-щ зэрыхъур. Ар къыщащтар 1993 гъэрщ. Стипендием щхьэкIэ студентхэмрэ аспирантхэмрэ хэтащ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ ар зи нэIэ щIэт ведомствэхэмрэ я зэхьэзэхуэхэм. Иджы Iуэхум зихъуэжащ икIи 2024 гъэм и дыгъэгъазэм УФ-м и Президентым Iэ зытридза «ЕджапIэ нэхъыщхьэхэм я программэхэмкIэ еджэ студентхэм, курсантхэм, слушателхэм Урысей Федерацэм и Президентым и стипендиер яхуэгъэувыным и IуэхукIэ» унафэм ипкъ иткIэ а стипендием хэпщIыкIыу хагъэхъуащ.

● Стипендиехэр

ТОМЭКЪУЭ Алыдж.

● Щэнхабзэ

«Мадинэ» зи щІэдзапІэр дахэт

Япэ адыгэ оперэр зэрагъэувրэ илъэс 55-рэ мэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкІэ и министру щыта Ефэнды Джылахъстэн и жэрдэмкІэ Балэ Мухьэдинрэ Къардэн Хьэсэнрэ зэдатхауэ щытащ «Мадинэ» япэ лъэпкъ оперэр, Щоджэнцlыкlу Алий и поэмэм къытращlыкlар. Япэ дыдэу 1970 гъэм мэлыжьыхьым и 18-м а лэжьыгъэ купщІафІэр щагъэлъэгъуащ Музыкэ театрым икІи Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ оперэм и тхыдэм ар щІэдзапІэ дахэ хуэхъуащ. Абы партие нэхъыщхьэхэр щагъэзэщІащ КІуащ Верэ, Бэгъуэтыж Светланэ, Жылокъуэ Мухьэмэдин, ПащІэ Ахьмэд, Бэрэгъун Владимир сымэ.

«МАДИНЭ» лъэпкъ оперэр япэу зыгъэувар УФ-м и цІыхубэ артист, режиссёр цІэрыІуэ Ерчэн Леонидщ. Лэжьыгъэр сыт и лъэныкъуэкІи къехъулІат абы икІи щІэупщІэшхуэ иІэу илъэс куэдкІэ ягъэлъэгъуащ. Спектаклым къыщыхъу Іуэхугъуэхэр щекІуэкІа зэманым ухашэжырт сценэр къызэрызэгъэпэщамрэ лІыхъужьхэм я фэилъхьэгъуэхэмрэ. Мадинэ и ролыр зыгъэзэщІар Бэгъуэтыж Светланэщ, Дадусэр (Мадинэ и анэр) КІуащ Верэт. Заур и ролыр ягъэзэщІащ тенор лъэщхэу Бэрэгъун Владимиррэ Жылокъуэ Мухьэмэдинрэ.

1983 гъэм гъатхэпэм и 19-м ар етІуанэу игъэуващ Музыкэ театрым и режиссёр ШэрыІужь Анатолэ. Мадинэ и ролыр ягъэзэщІащ Бесчокъуэ Майерэ Къалэбэч Иринэрэ. Япэрейми хуэдэу, Мадинэ и анэ Дадусэ и ролыр КІуащ Верэ лъагъэсыжащ. Джэрийуэ джэгуар РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист ПащІэ Ахьмэдщ. Заур и ролыр чэзууэ ягъэзэщІащ Жылокъуэ Мухьэмэдин, Дэбагъуэ Хьэсэн, ШэджыхьэщІэ Аслъэнбий сымэ. Молэм и ролыр дагъуэншэу къехъулІат Куэт Къанщобий. Мадинэ и адэм и ролыр фІыуэ къигъэлъэгъуащ КъБАССР-м щІыхь зиІэ и артист Мэкъуауэ Хьэсэн.

«Мадинэ» оперэр япэу зэрагъэлъагъуэрэ илъэс 45-рэ дэкІауэ, 2015 гъэм Налшык и Музыкэ къэрал театрым утыку къыщрахьэжащ. Ар зыгъэувар КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Дэбагъуэ Романщ, дирижёрыр УФ-м щІыхь зиІэ и артист Щэбэтыкъуэ Натбийщ, КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ ПащІэ Рамедщ балетмейстерыр. Партиехэр ягъэзэщІащ КъуэщІысокъуэ Роксанэ (Мадинэ), Мэкъуауэ Астемыр (Заур), КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Батыр Мухьэдин (Умар), КъБР-м и цІыхубэ артисткэ Бесчокъуэ Майе (Дисэ), Бозий Зураб (Къасым), КъБР-м и цІыхубэ артист Къуныжь Алим (Джэрий), Дэгу Каринэ (Лалинэ), шыхъуэм и ролыр зыгъэзэщІар КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Мэршэнкъул Іэдэмщ. Апхуэдэу оперэм хэтащ театрым и хорымрэ балетымрэ. Зэуэ къыхэзгъэщынт артистхэм я ролхэр фІыуэ къазэрехъулІар. Гухэхъуэт оперэ уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэхэу Батыр Мухьэдинрэ Бесчокъуэ Майерэ я макъым ущІэдэІуныр. Абыхэм я макъ гуакІуэмкІэ зэхэщІыкІыгъуэу зэхуэсахэм я деж нахьэсащ оперэм къыщыхъу Іуэхугъуэхэр. КъищынэмыщІауэ къыхэгъэщыпхъэщ дэтхэнэри я фащэкІэ екІуу, сыт и лъэныкъуэкІи зэпэщауэ утыку зэритар. Адыгэ пщащэхэр я теплъэкІэ, дуней тетыкІэкІэ нэгъуэщІхэм зэрефІэкІыу къалъытэхэм ящыщщ тІууэ еухуэнэха я щхьэцыгъуэ кІыхьыр, лъэпкъ фащэр, бгы псыгъуэр, хьэл-щэн дахэр. Ахэр екІуу ядэплъагъут Мадинэрэ Лалинэрэ я ролхэр зыгъэзэщІа КъуэщІысокъуэ Роксанэрэ Дэгу Каринэрэ.

«Мадинэ» оперэр илъэс 55-рэ зэрырикъуам ущегупсыскІэ, гушхуэныгъэ къыпхелъхьэ XX лІэщІыгъуэм и етІуанэ Іыхьэм ди республикэм щэнхабзэ и лъэныкъуэкІэ игъуэта зыужьыныгъэм ар и зы щапхъэщи.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Мэлыжьыхьым и 23-р Тхылъымрэ ар зи ІэдакъэщІэкІым и хуитыныгъэмрэ я дунейпсо махуэщ. А Іуэхур гъэлъэпІэным ехьэлІа унафэр къыщаштауэ щытащ ЮНЕСКО-м и генеральнэ конференцым и 28-нэ зэІущІэу 1995 гъэм и жэпуэгъуэ - щэкІуэгъуэ мазэхэм Париж щекІуэкІам.

ЩІэныгъэм и къигъэхъуапІэ



МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 23-р нэуфІыцІщхьэрыуэу къыхахакъым, 1616 гъэм апхуэдэ и махуэм лІахэщ дуней псом щыцІэрыІуэ тхакІуэхэу Мигель де Сервантес, Шекспир Уильямс, Гарсиласо де ла Вегэ Инкэ сымэ. 1923 гъэм тхылъ зыщэхэм Каталонием (Испание) къыщызэрагъэпэщауэ щытащ тхылъ жармыкІэ ин, а тхакІуэшхуэхэм я фэеплъу. Иджыри зы хабзэ дахэ къыщокІуэкІ Каталонием - мэлыжьыхьым и 23-м (Георгий Щихъым и махуэм) тхылъ къэзыщэху дэтхэнэми розэ удз гъэгъа ират. Ику ит лІэщІыгъуэхэм Георгий щихъыр Каталонием и къыщхьэщыжакІуэу къалъытауэ щытащ.

МахуэщІымкІэ я мурад нэхъыщхьэр тхылъ къыдэгъэкІынымрэ ахэр цІыху нэхъыбэм яІэрыгъэхьэнымрэщ, цІыхухэм щІэныгъэ зрагъэгъуэтынымкІэ дэІэпыкъуэгъу хъунымрэ абыхэм дунейпсо щэнхабзэм нэхъ кууэ хащІыкІынымрэщ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, Тхылъымрэ ар зи ІэдакъэщІэкІым и хуитыныгъэмрэ я махуэр япэ дыдэу щагъэлъэпІар 1996 гъэращ. ЮНЕСКО-м къызэригъэлъэгъуам ипкъ иткІэ, ар теухуауэ щыташ лъэпкъышхуэхэм я бзэм. Дунейм тет бзэуэ миниблым щІигъум (абыхэм ящыщ зыбжанэ мэкІуэдыж) иропсалъэ щэнхабзэ зэмылІэужьыгъуэхэр хуэсакъыу зыхъумэ лъэпкъхэр.

Тхыдэ и лъэныкъуэ къыпхуэмылъытэну мыхьэнэшхуэ иІэщ тхылъым, щІэныгъэр цІыхубэм нэхъ кууэ хэзыпщэри ар хъумэнымкІэ нэхъыбэ зыхузэфІэкІри аращ. Тхылъыр зи Іэпэгъу цІыхум щІэныгъэ зригъэгъуэтым и закъуэкъым, жылагъуэм хэзагъэу, абы и Іуэху еплъыкІэр къыщІэгъэлъауэ зыхищІэу, сыт хуэдэ Іуэхури акъылкІи псалъэкІи хузэпкърыхыу ирегъасэ. Егъэджэныгъэм щынэхъапэри, ар зэрагъэкІуатэри тхылъщ, щІэныгъэ, щэнхабзэ, хъыбарегъащІэ я лъэныкъуэкІэ абы къытекІуэн дунейм теткъым.

Тхылъымрэ ар зи ІэдакъэщІэкІымрэ я хуитыныгъэр ихъумэкІэрэ, ЮНЕСКО-р и телъхьэщ щІэныгъэр псоми зэхуэдэу зрагъэгъуэтыным, интернетым, соцсетхэм я деж къыщыщІэдзауэ сыт хуэдэ Іэмалри жыджэру къагъэсэбэпурэ. ЦІыху мелуанхэр зэзышалІэ Іуэху хъуащ Тхылъымрэ ар зи ІэдакъэщІэкІым и хуитыныгъэр хъумэнымрэ я махуэр.

Мэлыжьыхьым и 23-м къэралищэм щІигъум къыщызэрагъэпэщ тхылъ гъэлъэгъуэныгъэхэмрэ жармыкІэхэмрэ, классикэ ІэдакъэщІэкІхэм къыщеджэ пшыхьхэмрэ щэнхабзэ-нэгузегъэужь зэІущІэ куэдхэмрэ. ЮНЕСКО-мрэ тхылъ Іуэхум яужь ит лъэпкъыбэ зэгухьэныгъэхэмрэ (тхылъ тезыдзэхэр, тхылъ зыщэхэр, библиотекэхэр) илъэс къэс къыхах тхылъым и къалащхьэ, махуэр зэрагъэлъапІэр нэхъ зыхащІэн папщІэ. Зи цІэ къраІуа къалэм и пщэрылъщ, езым и къэралым и мызакъуэу, нэгъуэщІ щІыналъэхэми щыпсэу, сыт хуэдэ ныбжьми ит щІэджыкІакІуэхэм тхылъхэр нэхъ гъунэгъуу ирагъэцІыхуну, илъэсым къриубыдэу а махуэщІым ирихьэлІэу ирагъэкІуэкІыну Іуэхухэр иубзыхуну. Япэ дыдэу 2001 гъэм апхуэдэ щІыхьыцІэр зыхуагъэфэщар Мадридщ (Испание), 2023 гъэм - Аккрэ (Ганэ), 2024 гъэм Тхылъым и дунейпсо къалащхьэ ящІар Страсбургщ (Франджы).

2020 гъэм ирагъэкІуэкІа къэхутэныгъэм тепщІыхьмэ, Индиер тхылъ нэхъыбэ дыдэу щеджэ къэралщ. Абы къыкІэлъокІуэ Таиландымрэ Китаимрэ. Электронн, аудио тхылъхэм нэхърэ нобэми хэхъуэ нэхъыбэ къыпокІуэ тхылъымпІэкІэ тедза тхылъхэм. Романыр нэхъыфІу ялъагъу литературэ жыпхъэщ, художественнэ тхылъхэм ящыщу Іыхьэ щанэр - лъагъуныгъэ романхэращ. ЦІыхухэм я процент 35-р нэхъыбэ еджэ хъуат коронавирус уз зэрыцІалэм дунейр щызэщІищтам щыгъуэ. «Эксмо-АСТ» тхылъ тедзапІэм зэрыжиІамкІэ, 2020 гъэм Урысейм и цІыхухэм ящыщу процент 66,6-р тхылъ еджэрт, 2021 гъэм а бжы-гъэр 58,6-м нэс ехуэхащ. Нэхъыбэ еджэр илъэс 26-м нэс зи ныбжь щІалэгъуалэрщ. Иджыпсту Урысейм нэхъ щыщІаджыкІыр урыс, лъэпкъ литературэхэрщ, хэкупсэ гукъыдэжыр нэхъ къэзыІэтхэрщ. Зи ныбжьыр илъэси 5-13 хъу сабийхэр тхылъ нэхъыбэу зэреджэмкІэ Урысейм япэ увыпІэр иІыгъщ.

Жылагъуэм и Іуэху еплъыкІэр джынымкІэ урысейпсо центрым (ВЦИОМ) 2022 гъэм иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэм ипкъ иткІэ, ди къэралым и цІыхуу тхылъ еджэмэ зэупщІам и процент 92-м жаІащ ар зэраІэпэгъур. Нэхъ емыджэр илъэс 25-34 зи ныбжьхэращ (13%). Еджэн яфІэфІ-яфІэмыфІыр нэхъыбэу зэлъытар цІыхум бгъэдэлъ щІэныгъэращ. Псалъэм и хьэтыркІэ, щІэныгъэ нэхъыщхьэ зыбгъэдэлъхэм ящыщу проценти 4-р тхылъ емыджэмэ, курыт щІэныгъэ зиІэхэм я деж а бжыгъэр процент 13-м щынос, школ фІэкІа къэзымыухахэм - процент 27-м. Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щІыналъэм щыпсэухэр нэхъыбэ еджэм и закъуэкъым (95%), я къэухьым хагъэхъуэн папщІэ тхыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр щІэзыджыкІхэм я бжыгъэри щынэхъыбэщ (77%). Абыхэм нэхъ ягу ирохь художественнэ литературэр (69%), я ІэщІагъэм хухэхахэр (40%), щІэныгъэ лэжьыгъэхэр (37%), гъуазджэм теухуа ІэдакъэщІэкІхэр (11%), апхуэдэуи еджэным зэман нэхъ къыщыхуагъуэтыр автобус, метро хуэдэхэм ису гъуэгу щытетым и дежщ.

«ЩІыналъэ нэхъ еджэ» зи фІэщыгъэ урысейпсо зэхьэзэхуэ илъэс къэс щрагъэкІуэкІ ди къэралым, 2022 гъэм апхуэдэу къалъытащ Новосибирск областыр, 2023-м - Тэтэрстаныр, 2024-м - Москва. Нэгъабэ и накъыгъэм мазэм Къэзан щекІуэкІащ «Литературэ флагман» зи фІэщІыгъэ зэхьэзэхуэшхуэ. Мы гъэми щыІэнущ «ЩІыналъэ нэхъ еджэ» зэпеуэр. КърикІуам иужьыІуэкІэ щыгъуазэ фытщІынщ.

Ккъызэрыхэдгъэщащи, Тхылъымрэ ар зи ІэдакъэщІэкІым и хуитыныгъэмрэ я махуэр ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэ Іутхэм зэдагъэлъапІэ хъунущ. Псалъэм и хьэтыркІэ, уехъуэхъуну къалъос тхакІуэхэм, егъэджакІуэхэм, библиотекэхэм, тхылъ щащэ тыкуэнхэм, тхылъ тедзапІэхэм щылажьэхэм, журналистхэм, тхылъыр зи стІолыщхьэм темыкІ, абы еджэну зыфэфІ дэтхэнэми. Тхылъым, ар зи ІэдакъэщІэкІым пщІэ хуэтщІу, щІэныгъэм и къигъэхъуапІэу зэрыщытыр зыщыдмыгъэгъупщэу, ди бынхэм фІыуэ едгъэлъагъуу, лъэпкъым щІэныгъэ зыбгъэдэлъ цІыху нэхъыбэ къытхэкІыу зыдузэщІыну!

ИСТЭПАН Залинэ.

Зэшыгъуэм хуэхейт

● Футбол

Сурэтыр **Уэлджыр Артур** *трихащ.*

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Севастополь» (Севастополь) - 2:2 (1:2). Налшык. «Спартак» республикэ стадион. Мэлыжьыхьым и 19-м. ЦІыху 350-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Журавлёв (Подольск), Головченкэ, Абросимов (тІури Дон Іус Ростов щыщщ).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Хизриев (Джыназ, 85), Къардэн, Чичбэ, Гъуэгузокъуэ (ХьэцІыкІу, 76), КІэдыкІуей, Блий, Далиев, Хьэшыр, Лысенкэ (ЛІуп, 71), Мусаев (Шэрджэс, 88).

«Севастополь»: Кучейкэ, Алиев, Гевлич, Дугу, Ливаднов, Потапов, Мироненкэ, Скавыш (Смирнов, 64), Якунин, Иванов, Рубан.

Топхэр дагъэкІащ: Рубан, 29-пенальтикІэ, (0:1). Чичбэ, 36 (1:1). Ивановым, 39 (1:2). Мусаевым, 62 (2:2).

Дагъуэ къыхуащІащ: Къумыкъум, Ивановым, Лысенкэ, Скавыш, Гъуэгузокъуэм, Хизриевым, Далиевым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм тхьэмахуэ ипэкІэ къыщыхагъащІа «Севастополь»-р Налшык къэкІуат ар зэрымыщІэкІэ къызэрыхъуар къыдэщІхэм наІуэ щащІыну икІи Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм очкоищ ирашу загъэхеижыну мурад быдэ яІэу. «Спартак-Налшыкри» хуейт иужьу Мейкъуэпэ зэрыщытекІуар я джэгукІэфІыр зэрызэтеувэм и нэщэнэу ди фІэщ ящІыну. А псоми джэгур удэзыхьэх ягъэхъурт икІи абы еплъыну хуейуэ къекІуэлІахэм я бжыгъэри адрей зэІущІэхэм ефІэкІат.

Зыр адрейм къызэрыпимыкІуэтэнур наІуэу командэхэм икъукІэ жыджэру ирагъэжьащ. ЕбгъэрыкІуэныгъэм лъэныкъуитІри и телъхьэт. УвыІэгъуэ имыІэу топыр гъуащхьэхэм я зым къыщыхутэрт икІи апхуэдэ зэІущІэм еплъхэми абы хэтхэми зэшыгъуэ яІэтэкъым.

Апхуэдэурэ 29-нэ дакъикъэ пщІондэ екІуэкІащ, хьэщІэхэм я ебгъэрыкІуэныгъэхэм ящыщ зы ди щІалэхэм футбол хабзэм къемызэгъыу къызэпаудыху. Подольск къикІауэ зэІущІэм и судья нэхъыщхьэ Журавлёвым ІупщІу метр пщыкІузым и деж игъэлъэгъуащ. Пенальти!

Хэгъэрейхэм я гъуащхьэтет Къумыкъумрэ хьэщІэхэм я цІэкІэ метр пщыкІузым и деж къыбгъэдыхьа Рубанрэ я зэпэщІэтыныгъэм кърикІуащ «Севастополь»-р 1:0-у япэ зэрищар. АрщхьэкІэ абы налшыкдэсхэм я лъэр щІигъэхуакъым, атІэ нэхъ ерыщыж ищІауэ аращ.

Куэд мыщІэу бжыгъэр зэхуэдэ хъуащ. Далиевым Іэзэу къыхита угловойр къигъэсэбэпри, Чичбэ «Севастополь»-м и гъуэр хигъэщІащ.

Зэшыгъуэ здэщымыІэ мы зэІущІэр къызэщІэплъэ кърудейуэ арат. ДакъикъищкІэ дэкІатэкъым хьэщІэхэр аргуэру япэ щищам.

Загъэпсэхуу къихьэжа иужькІэ «Спартак-Налшыкыр» нэхъ къаруушхуэжкІэ ипэкІэ кІуэтащ. Зы ебгъэрыкІуэныгъэ лъэщым адрейр къыкІэлъыкІуэрт. Кърымым къикІахэм ар куэдрэ яхуэшэчакъым. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм зэрыщІидзэрэ джэгугъуэ щІагъуэ къэмынэу къыхэжаныкІ Мусаев Магомед аргуэру топ ди хьэрхуэрэгъухэм яхудигъэкІащ.

Бжыгъэр зэхуэдэ зэрыхъужам зыри арэзы къыщІыртэкъым. «Спартак-Налшыкми» «Севастополь»-ми я плъапІэр текІуэныгъэрат икІи ахэр я хъуэпсапІэм ерыщу хущІэкъурт. Абы папщІи сыхьэт ныкъуэм нэблагъэ яІэт.

ЛъэныкъуитІми я лъэкІ къагъэнакъым очкоищыр зыІэрагъэхьэн папщІэ. Псом хуэмыдэу текІуэныгъэм пэгъунэгъуат налшыкдэсхэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, джэгум и иужь дыдэ дакъикъэхэм абыхэм ящыщ зыр зэуа топыр гъуащхьэм техуащ.

ЗэІущІэр зэрытемыгъэкІуауэ, 2:2-уэ, иухами, «Спартак-Налшыкым» къыдэщІхэм Іэгуауэшхуэ къыхуаІэтащ. Нэрылъагъут ди щІалэхэм я къару псори джэгум зэрыхалъхьар кІэлъыплъахэм зэрызыхащІар. Апхуэдэурэщ цІыхухэр къызэрыдахьэхыр икІи стадионхэм къызэрырашалІэр.

Щэбэт кІуам зэхэта адрей джэгугъуэхэм къахэгъэщхьэхукІыпхъэщ Дон Іус Ростоврэ Павловскэмрэ щекІуэкІахэр. Зэи къыхамыгъэщІауэ зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыІыгъ «Ростов-2»-мрэ «Сочи-2»-мрэ абыхэм щыфІахьащ. Хьэлэмэтращи, къакІэлъыкІуэ «Легион»-ми и стадионым очкоищ щыфІэкІуэдащ, Мейкъуапэ икІа «Дружба»-р къытекІуэри. Аращи, пашэныгъэр зэкІэ зыІэригъэхьащ «Кубань Холдинг»-м. Абы къыкІэлъокІуэ Шакъ Ашэмэз зи тренер нэхъыщхьэ «Динамо-Ставрополь»-р.

Щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым вэсэмахуэ щекІуэкІа зэІущІэ псоми къарикІуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: **«Астрахань»** (Астрахань) - **«Победа»** (Хасавюрт) - **1:2**, **«Кубань-Холдинг»** (Павловскэ) - **«Сочи-2»** (Сочэ) - **3:1**, **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **«Нарт»** (Черкесск) - 0:0, **«Ростов-2»** (Дон Іус Ростов) - **«Динамо Ставрополь»** (Ставрополь) - **1:3**, **«Рубин»** (Ялтэ) - **«Динамо-2»** (Мэхъэчкъалэ) - **3:0**, **«Легион»** (Мэхъэчкъалэ) - **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **1:3**.

Мэлыжьыхьым и 26-м зи чэзу джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэм ди щІалэхэр Сочэ къалэм щыпІэ командэм щыІущІэнущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Кубань Холдинг»	**6**	**3**	**3**	**0**	**11-6**	**12**
2. «Динамо Ставрополь»	**6**	**3**	**2**	**1**	**11-8**	**11**
3. «Сочи-2»	**6**	**3**	**2**	**1**	**11-7**	**11**
4. «Рубин»	**6**	**3**	**2**	**1**	**6-3**	**11**
5. «Ростов-2»	**6**	**3**	**2**	**1**	**11-5**	**11**
6. «Севастополь»	**6**	**3**	**2**	**1**	**13-12**	**11**
7. «Легион»	6	3	1	2	9-7	10
8. «Победа»	6	3	1	2	7-7	10
9. «Спартак-Налшык»	**6**	**2**	**2**	**2**	**9-8**	**8**
10. «Нарт»	6	1	3	2	4-7	6
11. «Астрахань»	6	1	2	3	11-9	5
12. «Дружба»	6	1	1	4	10-12	4
13. «Ангушт»	6	1	1	4	4-8	4
14. «Динамо-2»	6	0	0	6	1-19	0

● Спорт хъыбархэр

ЗэпэщІэтащ гуащІэу

Ставрополь крайм хыхьэ Невинномысск къалэм щекІуэкІащ Урысейм и ЛІыхъужь, «Тэрч» къэзакъ батальоным и Іэтащхьэу щыта Попов Виктор и фэеплъу Іэпщэрыбанэ спортымкІэ урысейпсо зэхьэзэхуэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Дагъыстэным, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Краснодар, Ставрополь крайхэм я спортсмен 200-м щІигъу хэтащ абы.

АПХУЭДЭУИ зэхьэзэхуэм я зэфІэкІхэр щагъэлъэгъуащ УФ-м Зыхъумэжыныгъэмкіэ и министерствэм дзэм къулыкъу щызыщІэ и зауэлІхэмрэ дзэ училищэхэм щеджэхэмрэ.

ГуащІэу зэпэщІэта бэнакІуэхэм я зэІущІэхэм къарикІуахэр зэхалъхьэжа нэужь наІуэ къызэрыхъуамкІэ, гупхэм я зэпеуэм япэ увыпІэр щиубыдащ Ставрополь крайм и командэм, етІуанэ хъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэхэр, ещанэр Осетие Ищхъэрэ - Аланием икІахэрщ.

Ди щІалэхэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ Бейтыгъуэн Руслан, Щомахуэ Казбек, Джаппуев Алий, Тхьэщыгъуей Анзор, Дзэгъэл Аслъэнбий, Къардэн Елдар, ШэрыІужь Альберт сымэ.

Дыдейхэр лъэщт

«Ак Барсым и Кубок» фІэщыгъэр зэрихьэу Тэтэрстаным и къалащхьэ Къэзан щекІуэкІащ каратэмкІэ дунейпсо зэхьэзэхуэ. Абы щызэпеуащ къэрал 16-м, Венгриер, Ираныр, Египетыр, Сербиер, Камеруныр яхэту, я спортсмен, щІалэхэри хъыджэбзхэри зэгъусэу, 2000-м щІигъу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и лІыкІуэхэм зэхьэзэхуэм екІуу зыкъыщагъэлъэгъуащ икІи медаль 11 абы къыщахьащ. Я хьэлъагъхэм елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпІэхэр щаубыдащ Сыжажэ Дамир, Гуэбэшы Аскэр, Уянаевэ Самирэ, Текуев Алим сымэ. Дыжьын медалхэр ди командэм къыхуахьащ Сен Дамиррэ Бежан Идаррэ. Ещанэ хъуахэщ Блий Эмир, Гуэбэшы Арнеллэ, Мэчанэ Іэминэ, Текуев Алий, КІэбышэ Ислъам сымэ.

Командэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ Гуэбэшы Аслъэн, КІэмпІарэ Рустам, Мэш Азэмэт сымэ.

ТОМЭКЪУЭ Іэдэм.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариннэ, ЩхьэщэмыщІ Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхэмрэ ІэнатІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІыжхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.442
Заказыр №851
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетым Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Марие** *(1, 4-нэ нап.).*
КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариннэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.